ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№249 (22.907) ● 2014 гъэм дыгъэгъаззэм (декабрым) и 30, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Аруан щIыналъэ



ЦIыкIу 200 щIохуэ

Мы гъэм яухуа сабий садхэм я бжыгъэм къыхэхъуащ Нарткъалэ дащIыхьа «Сабиигъуэр». КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий ухуэныгъэщIэр зригъэлъэгъуащ. Ар инщ, метр зэбгъуэнатIэ 3200-рэ мэхъу. Абы текIуэдащ сом мелуани 120-рэ мин 991-рэ. Ахъшэм и нэхъыбэр федеральнэ мылъкущ. Сабий садым лэжьакIуэ 66-рэ иIэщ, абы щыщу 22-р гъэсакIуэхэрщ. Садым щыIэнущ гуп 11 - илъэсрэ ныкъуэрэ фIэкIа мыхъуахэри илъэсибл хъуахэри - псори зэхэту сабий 200. Iэужщ IапIэм лэжьэн щIидзэнущ 2015 гъэм и щIышылэ мазэм.

Сабий садыр сыт и лъэныкъуэкIи нэсу къыззгъэпэщащ. Абы хэтщ сурэт щащI, макъзамэ, зыщэхуапэ, компьютерым, спортым щыхагъэгъуэзэ, хамэ къэралыбзэхэр щрагъэдж, щыжей, психологрэ логопедрэ къащыдэлажьэ, етy щытрадзэ, колясккэхэр щахъумэ пэшхэр, спорт зал, иджырей щIыналъэ зыщIэт пщэфIапIэ, шхапIэ. Пэшхэм я лъэгухэр къоплъ, кIэлындорхэм я блынхэм таурыхъхэм хэт лIыхъужь-псэущхьэхэм я сурэтхэр тещIыхьащ. Iэужщ IапIэм щекIуэкIым видеокIэ кIэлъоплъ. Сабий садым и пщIантIэр хуитщ, дахэщ. Абы щыкуэдщ джэгупIэхэр, тетIысхьапIэхэр.

КIуэкIуэ Юрий пэшхэри пщIантIэри къыззхилпIыхьащ. Iэужщ IапIэм и лэжьакIуэхэм яжриIащ и гум дыхьахэри, тIэкIу арэзы къымыщIу илъэгъуахэри. Псалъэм папщIэ, гу лъаригъэтащ сабийхэр щыжеину пэшыр зэрынэхуIэм.

Псори къызэхилпIыхьа нэужь, КIуэкIуэ Юрий абы и лэжьакIуэхэм ехъуэхъащ, гурэ псэкIэ я IэнатIэм пэрытыну зэращыгугъэри жиIащ.

- Сабий садыр и теплъэкIэ дахэ къудей мыхъуу, фи лэжьыгъэкIи нэсу къызэгъэпэщауэ щытыпхъущ. Мыбы цIыкIухэр гуфIэу къекIуэлIэныр зэлъытар фэращ,- жиIащ Iэтащхьэм.

ГУГЪУЭТ Заремэ.
Нарткъалэ

● Гулъытэ

ЕхъулIэныгъэхэр яхуэбгъуэну!

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий Илъэсыщ IэмкIэ ехъуэхъуну Правительствэм и унэм иригъэблагъат курыт школхэм щIэс еджакIуэ 120-рэ. Ахэр район, республикэ, зэрал зэпеуэхэм, олимпиадэхэм, спорт зэхьэзэхуэхэм ехъулIэныгъэ щызиIэхэрщ УФ-м, КъБР-м я Iэтащхьэхэм я саугъэтхэр зыхуагъэфэщахэрщ.

АБЫХЭМ ящыщ цIыху 35-рэ мы гъэм хэтащ «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым. Ди гуапэ зэрыхъунщи, а зэхьыхэм пашэ щыхъуащ ди еджакIуэ зыбжанэ. «Си гуапэщ фIым я фIыжхэр къызэрызэхуэсар. Ди ехъулIэныгъэхэм наIуэ къащI лъэныкъуэ зэмылIэужьыгъуэ куэдкIэ зызыужь щIалэгъуалэ дызэрIэр. Республикэм, къэралым я къэкIуэнур сфэращ зэлъытар. Сынывохъуэхъу фызыхунэсахэр ехъулIэныгъэкIэ вгъэбзэгъуэну, фи мурадхэр къывэхъулIэну, - жиIащ КIуэкIуэ Юрий.

АдэкIэ зэIущIэм къыщытцIыхуащ мы илъэсым ехъулIэныгъэ зиIа еджакIуэ зыбжанэ. РобототехникэмкIэ дунейпсо олимпиадэ Сочэ щекIуэкIам Кавказ Ищхьэрэм икIуэу Урысейм и гупым хэтар Къыльышкъуэ Артуррэ ТишкIэ Андрейрэ я закъуэт. Абыхэм къыхуагъэфэщащ щIалэгъуалэ эчиифIэхэм защIэгъэкъуэнымкIэ Урысейм и Президентым ит саугъэтыр. ЩIалэхэм КIуэкIуэ Юрий тыгъэ хуащIащ езыхэм ящIа робот машинэр. «Мы Iуэхум илъэситху хъуэуэ дыщыхуоджэ Техникэ Iэпщ IэлъапщIагъэмкIэ республикэ центрым. Дезыгъаджэхэм я фIыщIэщ Сочэ дыщIа ехъулIэныгъэр. ДыхущIокъу ди Iэщ Iагъэм зэпымыууэ зэрыхэдгъэхъуэнум икIи дыщогугъ дыхухэ робот Iэмэпсымэхэр зэгуэр къэралым хуэщхьэпэну», - жиIащ Къыльышкъуэ Артур.

ЗэIущIэм зыкъыщагъэлъэгъуащ «Нал цIыкIу», «Ритмы гор», «Арабеск» ансамблхэм.

Усэ гъэхуауэ къеджэнымкIэ «Живая классика» урысейпсо зэпеуэм хэта, Малкэ жылэм щыщ Журтыбей Инарэ гукIэ усэ къеджащ. ЩIалэгъуалэ зэчиифIэхэм защIэгъэкъуэнымкIэ Урысейм и Iэтащхьэм ит саугъэтыр зыхуагъэфэща, Тэрч къалэ и курыт еджапIэ № 3-м щIэс Хьэгуаре Наинэ макъ гуакIуэкIэ уэрэд зыбжанэ жиIащ. ЗэIущIэм я щIэныгъэ зиIахэм. Абыхэм ящыщу: урыс шашкэмкIэ Европэ чемпионатым текIуэныгъэ къыщызыхьа, Ботэщей (Плановскэ) къуажэм и курыт школым щеджэ Мэкъуауэ Дианэ, каратэмкIэ Урысей зэхьэзэхуэм щытекIуа Мыз Бесльэн, Прохладнэ къалэ щыщхэу атлетикэ псынщIэмкIэ КъБР-м и командэм хэт Нэгъуей Астемир, волейбол ымкIэ республикэ гупым хэт Ширшовэ Алинэ сымэ. КъБР-м и Iэтащхьэм къыбгъэдэкIыу школакIуэхэм фэеплъ саугъэтхэр иратащ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

● Тэрч щIыналъэ

КIуэкIуэ Юрий ухуакIуэхэм фIыщIэ яхуещI

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий дыгъэгъазэм и 27-м Тэрч районым щыIащ икIи мы гъэм къызэIуахыну социальнэ Iэнатl эхэм я Iуэхур здынэсар къипщытащ.

ИДЖЫРЕЙ зэманым къитIасэу Курп Ипщэ (Ислъамей) къуажэм щауха сабий гъэсапIэр лэжьыгъэм хуэхьэзырщ. Республикэм ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министр Тутыкъу Анзор къызэригъэлъэгъуамкIэ, мы Iуэхум сом мелуан 59,5-рэ халъхьащ. Мыгувэу зи бжэр къызэIуэхыну гъэсапIэр зыхуей псомкIи къызэгъэпэщащ. Абы хэтщ сабийхэр щыджэгуну, щыжеину пэшхэр, макъамэм щыхуагъасэну класс, медпункт, пщэфIапIэмрэ шхапIэмрэ зэпэщIу, унэпльащIэхэр яIэщ, лыр, бдзэжьейр, хадзэкIхэр щызэрахьэну цехэр зэщхьэщыхащ, псы щIыIэри хуабэри тэмэму йокIуалIэ. ПщIантIэр егупъуу ягъэдэхащ, парк цIыкIу ягъэтIысащ, джэгупIэхэр хащIыхьащ. Район администрацэм и Iэтащхьэ Пэнагуэ Максим зэрыжиIамкIэ, мы гъэм къыщыщIэдзауэ щIыналъэм и сабий гъэсапIэхэм чэзу щыIэжьинукъым, абы и лъэныкъуэкIэ къалэщытар зрагъэхъулIащ.

КIуэкIуэ Юрий а махуэм хэгъэрей цIыкIухэр игъэгуфIащ - Илъэсыщ IэтыгъуэIуфIыкIэ куэд яхуэдишащ.

ИлъэгъуамкIэ игу зэгъауэ къыщежьэжым, абы къыхигъэщащ сабийхэр гъэсэным, нэмыс, хабзэ яхэлъу къэгъэхъуным егупъуну зэращыгугъыр икIи пIалъэ кIэщIым зэфIагъэкIа лэжьыгъэшхуэм папщIэ, уухуакIуэхэм фIыщIэ яхуищIащ.

Инарыкъуейм дащIыхьа амбуланторэм и гупэм дежь республикэм и Iэтащхьэм къуажэдэсхэр гуапэу къащIыпежьащ. КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ - узыншагъэр хъумэныкIэ министр Шэт Ирмэ къызэрыхигъэщамкIэ, ар къызэрызэIуахынум хуэхьэзырщ, зыхуей Iэмэпсымэхэр ягъэуващ, Iэщ IагъэлIэмкIэ зэхуокъу. Нэхъапэрейр здэщыIар 1958 гъэм яухуауэ щыта псэуалъэжьырщ. ЩIэзэз, узыншагъэм щыкIэлъыплъ пэшхэр санитар пщалъэхэм къитIасэртэкъым. Иджы къуажэдэсхэр тыншыжынущ. Амбулаторэм хэтщ физиотерапевт, гинекологие, дзэм щIэзэзну, сымаджхэм махуэм щакIэ Iэлыплъынущ, мастэ щыхалъхьэну пэшхэр, апхуэдэу санитар транспортитI яIэщ. КIуэкIуэ Юрий зригъэлъэгъуащ, щыщIэныгъэ гъэрхэм гу лъаригъэтащ, зэфIагъэкIахэм арэзы текIуащ икIи мафIэс нэужьым щIэрыщIэу яухуэжа курыт школым кIуащ, лъэгуэхэм, санузелхэм, классхэм, библиотекэм, спорт залхэм я щытыкIэм еплъащ, пэш кIэущIэхэр нэхъыфIу ягъэнэхуну чэнджэщ яритащ. КъыкIэлъыкIуэу ЩIэнхабзэмкIэ унэм и лэжьэкIэм зыхигъэгъэзащ, ар щIалэгъуалэм я гъэсапIэ-ущиятIэу увын зэрыхуейр къыхигъэщащ.

Апхуэдэу Белоглинскэ, Новэ-Хьэмидей, Джулат къуажэхэми а махуэм фельдшеракушер пунктхэр къыщыдзэIуахащ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.



Илъэсыщ Iэ тыгъэ

● Бахъсэн щIыналъэ

Щкол кIуэгъуэ ныбжьым нэмыса сабий хэм зэрадэлажьэ щIыкIэхэр егъэфIэкIуэным тегущыуауэ ди республикэм щрагъэкIуэкI Iуэхугъуэхэм япкъ иткIэ, Бахъсэн районым Илъэсыщ Iэм ирихьэлIэу къыщызэIуахащ сабий сади 2, АбыкIэ хъыбар къыдигъэщIащ щIыпIэ администрацэм и пресс-Iуэхущ IапIэм.

ГЪЭСАПIЭХЭР щаухуащ Къулъкъужын Ищхьэрэ, Куба къуажэхэм. А жылэхэм дэт курыт школхэм къыщызэрагъэпэщащ иджыри сабии 125-рэ зыщIэхуэн гъэсапIэ пэшхэр. Абыхэм ящыщу пэшищыр Куба къыщызэIуахащ. ЦIыкIуэхэр зэкIуалIэ гъэсапIэхэр зэпэщIу унэльащIэ екIуэхэмкIи, жеипIэ тыншхэмкIи, джэгупIэ гъэщIэгъуэнхэмкIи, зытхьэщIыпIэ хуитхэмкIи. Сабийхэр махуэм щэ ягъашхэ, шэджагъуэм ягъэжей, абыхэм гупжьейхэм щадолажьэ. ЖыпIэнурамэ, сабий садым щыIэ Iэмалхэр мардэ псоми хуокIуэ.

ЕджапIэхэм щыIэ пэшхэм ящыщ зыбжанэр сабий гъэсапIэм хуэзгъэпэщыжым пщIа лэжьыгъэхэр мазитIым къриубыдэу зэфIэкIащ. Абыхэм хухахат сом мелуани 3-рэ мини 100-рэ.

Илъэсыщ Iэр къымыхъэ щIыкIэ Бахъсэн районым къыщызэIуахынущ иджыри сабий IыгъыпIэу 3. ЦIыкIуи 150-рэ зыщIэхуэну гъэсапIэхэм лэжьэн щыщIадзэнущ ХьэтIохъущыкъуей, Зеикъуэ, Къэсейхьблэ жылэхэм. А илъэсыщ I э тыгъэ гуапэм хуабжьу щыгуфIыкIынущ апхуэдэ Iуэхутхьэбзэм куэд лъандэрэ хуэныкъуэ сабийхэри абыхэм я адэ-анэхэри.

КЪАРДЭН Маритэ.

ЕГОРОВЭ Татьянэ:
Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентыр цIыхубэм я псалъэм щIодзIу

2014 гъэм фокIадэм и 14-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и хэхакIуэхэм Iэ яIэтащ республикэм и Парламентым и ехтуанэ хэхыгъуэм и депутатхэм папщIэ. Абы лъандэрэ блэкIа зэман кIэщIым къриубыдэу къащащ дызыхуэкIуэ илъэсхэм республикэм и зыужьныгъэр куэдкIэ зэлъытауэ щытыну закону щэщым нэблагъэ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, республикэм законхэр къыдэзыгъэкI и орган нэхъыщхьэр къыпхащыт къалэнхэр гъэзащIэным жыджэру пэрыуващ. Абы и япэ лъэбакъуэхэм, дяпэкIэ депутатхэр зытелажьэну Iэхуэхэм топсэлъыхь КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ.

- Республикэм и Парламентым и лэжьыгъэр зэрыригъэжьа щIыкIэм арэзы укъыщIрэ?

- Зэман куэдкIэ дымыIэжьамэ, депутатхэм ящыщ куэд иджы япэу Парламентым къыхыхьами, бжьыхьэ сессиер икъуэкIэ купщIафIэу екIуэкIащ. Мазищ хуэдизым къриубыдэу дэ закон 30-м нэблагъэ къэштащ. Зэхэтпхьа планым илкъ иткIэ дызытепсэлъыхьын хуеяI Iэужнэхьащ-хьэхэм дызыхунэмыса къахэкIакъым. Дэ и пIалъэм къриубыдэу дытепсэлъыхьри, къэштащ 2015 гъэм, апхуэдэу 2016, 2017 гъэхэм я лъэхъэнэм ятещIыхьа республикэ бюджетым теухуа законыр, экономикэм, нэхъ хэхуэу жыпIэмэ, - абы и инвестицэ Iыхьэм, социальнэ политикэм ехьэлIа хабзэ мардэ зыбжанэ. Апхуэдэу зыкъом зыфIэдгъэкIащ республикэм и законодательствэр федеральнэ мардэхэм егъэзэгъыжьным хуэгъэзэуи. Ар Iуэху тыншкъым, псалъэм папщIэ, мы гъэм бадзэуэгъуэм и 21-м и закъуэ Урысей Федерацэм и субъектхэми зыбжанэкIэ яхуэгъэза, апхуэдэу щыщыткIэ абыхэм я закон мардэхэри загъэзэгъ ъжьыпхъэ федеральнэ конституцэ закону, федеральнэ закону 77-рэ къызэращтар къэплъытэмэ.

Зыгуэр тхуэзэфIэкIамэ, ар псом япэу къытхуэзэныхьар Парламентыр хэхыныр зэрызэфIэкIыу занщIэу Iуэхум дызэреувэлIарщ. Хэхыныгъэм кърикIуахэр официальнэу хэлъущIыIу щащIа махуэм къыкIэлъыкIуэм, фокIадэм и 28-м, Парламентым и япэ зэIущIэр едгъэкIуэкIащ. Апхуэдэ куэдрэ къэхъуркъым икIи ар зи фIыщIэр депутатхэмрэ Парламентым и Аппаратымрэщ.

Иджырей хэхыгъуэм и депутатхэр Iуэхум хуэлэкIуэлъакIуэ защIэщ, абыхэм тегушхуэныгъэ зыхэлъ нэхъыщIэхэри, щIэныгъэ, зэфIэкI Iэзэгъэ зыбгъэдэлъ нэхъыжьхэри яхэтщ. Араш республикэм законхэр къыдэзыгъэкI и орган нэхъыщхьэр къыпэщыт къалэнхэм япэлъэщыну дыщIыщIигъуащ. Сэ зэш къытесхьэркъым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм цIыхухэр зыхущIэхъуэхэм япэджэж, абыхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным хуэгъэза закончэр къащтэн папщIэ зыхуеину творческэ зэфIэкIрэ зэхэщIыкIрэ зэрабгъэдэлъым.

(КIэухыр 2-нэ напэм).

НОБЕЛЬ

♦1922 гъэм Советхэм я Япэ Союзэпсо съездым къыщыззэрагъэпэщащ Совет Социалист Республикэхэм я Союзыр - СССР-р.

♦1972 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым Лъэпкъэм я зэныбжьэгъуагъэ орденыр къыхуагъэфэщащ.

♦Еджагъэшхуэ, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Чым Юрий** къызэралъхурэ илъэс 83-рэ ирокъу.

♦Къэрал лэжьакIуэ, РСФСР-мрэ КъБАССР-мрэ щIыхь зиIэ я дохутыр **Бер Мухьэдин** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

♦Философие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик **Делэкъарэ Къадырбэч** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Биологие щIэныгъэхэм я доктор, ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей академием и членкорреспондент, ЩIДАА-м и академик, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Тембот ФатIимэт** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градусри 5 - 6, жэщым 1 градус щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Профсоюзхэм щэнхабзэмкIэ я унэм щагъэувА Илъэсыщ I э псей нэхъыщхьэм и дахагъэм ини цыкIуи етхьэкъу. Абы мы гъэм ирагъэблагъащ республикэм и къалэхэмрэ къуажэхэмрэ ящыщ сабий мини 10-м нэблагъэ. Дыгъэгъаззэм и 31-м и пэ къикуэу къызэрагъэпэща гуфIэгъуэ зэхьэхьэхэм махуэм хуэзэу сабий 400 хэтащ.

ЗЭХЬХЬЭР къызэрагъэпэщащ КъБР-м и Правительствэм, республикэм и Парламентым и депутатхэм, Профсоюзхэм я зэгуэхьэныгъэм. Ар езыгъэкIуэкIар Профсоюзхэм щэнхабзэмкIэ я унэм и режиссёр нэхъыщхьэ **Гумэ Маринэщ**. КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ - КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IэужхуэмкIэ и министр **Емуз Нинэ** цыкIухэм гуапэу екъуэхъуащ илъэсыщIэ дызытехьэм узышнагъэ яIэну, я хъупсапIэхэр къайхъулIэну, екъулIэныгъэрэ дэрэжэгъуэрэ щымыщIэну.

НыбжьыщIэхэмрэ сабий гъэсапIэм кIуэ нэхъ цIыкIу дыдэхэмрэ хэти адыгэ фащэ екIур къыщылыдыкIыу, хэти шыпсэхэм хэт лIыхъужьхэм я фащэхэр ящыгъыу зэхьхьэм къэкIуащ. Ахэр темыпыIэжу зыпэплъа Уае Дадэмрэ Уэс Гуащэмрэ замыгъэгувэу къахьыхьащ. ФIэхъус гуапэ сабийхэм ираха нэужь, цыкIухэм я гъусэу «Псей цыкIу, къаблэ!», - зэрыжаIэу, псей дахащэр щхьэкIэплъыкIэу зэщIэлыдащ, зэхьхьэм кririхьэлIахэр игъэгуфIэу. Уае Дадэмрэ Уэс Гуащэмрэ, КъБР-м и Урыс къэрал драмэ театрым и артистхэм, ГъуазджэзэмкIэ Кавказ Ищхьэрэ институтым и студентхэм сабийхэм я нэгу зрагъэужьащ, къуажэхьэр кърагъэщащ, илъэсыщ I э уэрэдхэр зэдзыжаIащ, къызэдэфащ, зэдэджэгуащ, псори зыпэплъа саугъэтхэри иратащ.

Зэхьхьэм хэтащ КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкIэ и министр Тюбеев Альберт, щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин сымэ, нэгъуэщIхэри.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Псей нэхъыщхьэр мэщIэращIэ

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Сабий щIэхъуэпсым гущэпс ед.

ТщІэн хуейр куэд дыдэ мэхъу

● Къэрал Іуэху

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий Наркъэлэ щаІуащи, ащыгъ, ахъшэ и амбулаторэкэм я унафэщІхэм. Абы къызэщІикъуэжащ 2014 гъэм КЪБР-м щалэжьахэр.

- СИ ГУАПЭУ кІыхьэгъэщынгъ 2014 гъэм ехьулІэныгъэ хъарзынэхэр дыдэрИар. Егъэджэныгъэм, узынШагъэр хъумэным, щэнхабзэм, спортым, гъэгурыэм, ЖКХ-м епхаІуэ дыхунэсащ куэдым. Илъэсым кІрийбыдэу дыхуащ, зэфІэдгъуэзжащ, зыхуей хуэдгъэзащ республикэм и Іуэхущ Іапи 155-рэ. КЪБР-м и жылагъуэ-политикэ щытыкІэр зэпІэзэрыщ. Мы гъэм Парламентыщ Іэ хэтхащ, Правительствэм хэтхэр, районхэмрэ кІалэхэмрэ я щІыпІэ администрацэхэм я унафэщІ куэд зэтхъуэкІащ. Мыхьэнэ зимыІэу къэтпытэ пажьащІэ Іэнатіэ зыбжанэ зэхуэтщІащ. Іуэху куэд дыдэ хъыпытащІ ыджыри. 2015 гъэр гугъу хъуну къыщІэкІынущ, - жиІащ КІэкІуэ Юрий.

Ящэ игъащІапхъэ кІалэнхэм щытепсэлъыхьыж, Іэтащхьэм кІыхьэщащ школхэмрэ сабий садхэмрэ зэІуэпэщ ящІыным иджыри пащэн зэрыхуейр.

- Федеральэ программмэхэм дызэрыхэтым кІапэкІуэ ахъшэр мащІэ зэрыхъуэм демыплъу, 2015 гъэм зэдгъэкъуЛІэн хуейщ зи быныр сабий гъэсапІэм езытыну хуейр чэзу пэплъэу щымысыныр.

Зэпхущэм щытепсэлъыхьащ іуэхущхэ медицинэ Іуэхутхьэбзэм и фІагъыр егъэфІэкІуэным, абы папщІэ а Іэнатіэм щІэныгъэлІ нэсхэр кьешэлІэным. Іэтащхьэм кІыхьэщащ «Земский доктор» программэм Іэмалыщ Іэкэр кІыззэригъэльагъуэр - иджы абы хьыхьэну хуитщ зи ныбжьыр илъэс 45-м щхьэдэмыкІэ ІэщагъэлІэхэр.

КІуэкІуэр кьытеувыІащ республикэм и кІуэжкэм щыІэ щэнхабзэмкІэ унэхэм я Іуэхум. Куэдыр зыхуей хуэзакъым, языныкъуэхэр кхъахэ зэрыкъуам кІыхьэкІу зэхуащІыжьпащ. Іэтащхьэм зэрыжиІащ, щэнхабзэмкІэ унэхэр щІыщІэр ящхьэдэс щІалэгъуалэм яхуэщхьэпэн папщІэщ, ахэр дзэзыхьэхьн, щІэныгъэ, акъыл, ІэщІагъэ кІызыхьахьн лэжьыгъэ щекІуэкІын хуейщ. Уеблэмэ КІуэкІуэм кІыхилъхьащ район, кІуажэ унафэщІхэр я кІалэным зэрыпэлъэщыр щэнхабзэмкІэ унэхэр зэрылажьэм епхыпхъэ. КІуэкІуэр кьытеувыІащ республикэм кьабзаГъэкІэ и Іуэху зытетым.

- А Іуэхур кІыззэрытІэтрэ зыкъомкІэ Іуэхур зэрефІэкІуэм гу лъыботэ. Ауэ иджыри дызэлэжьыныр куэдщ. КІыззэрэзгурыІуамкІэ, пхъэнкІий Іуэхум увыІэгъуэ имыІэу дытепсэлъыхьын хуей хъунущ, цІыхухэр къабзаГъэм хуэгъэсэным иужь димыхьэмэ, - жиІащ абы.

Дызытехьэну илъэсым ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 70 зэрырикъум щытепсэлъыхьым, КІуэкІуэ Юрий кІыхьигъэщащ зауэм и ветеранхэр зыхуей хуагъэзэн папщІэ кІуныкъуэкэм зэрырагъэушар. Илъэсыщ Іэм ирихьэлІэу ветеран къэс сом мин 20 ираташ.

Ныкъуэдыкъуэхэм я Іуэху зытетым щытепсэлъыхьым, КІуэкІуэ Юрий жиІащ абыхэм я бжьыгъэм узэригъэзавэр - республикэм щопсэу ныкъуэдыкъуэу мин 63-м щІигъу.

- Ныкъуэдыкъуэхэр зыхуей хуэдгъэзэнхэр ди къалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщ, - жиІащ Іэтащхьэм. - Ахэр псэупІэкІэ кІызэгъэпэщын, «Доступная среда» программэр гъэзэщын хуейщ. Абы кІыкІраци, апхуэдэхэм яхуэхэ транспорт, медицинэ, спорт, егъэджэныгъэ, нэгъэсыгъ Іуэхутхьэбзэхэр яхуэщІапхъэщ. Гулъытэ щхьэхуэ хуэщІын хуейщ ныкъуэдыкъуэхэм лэжьапІэ Іэнатіэ етыным. СМИ-р къэзгъэсэбэну сыхуейт Іуэхущ Іапі я щхьэхуэхэм я унафэщІхэм, хьэрычтыщІэхэм захуэзгъэзэну, ныкъуэдыкъуэ зытІущ нэхъ мыхъуми лэжьыгъэ иратыну, - жиІащ Іэтащхьэм. Абы теухуауэ ящІэфыныр район унафэщІхэм щІышІыпэм и 15 пщІондэ ягъэбелджылын хуейщ.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

● КъБР-м и Правительствэм

Къэрал дэІэпыкъуныгъэм и мардэхэр яубзыху

ЩІыналъэхэм субсидиехэр хабзэщІэхэм тету хухахынущ. Апхуэдэ хабзэхэр къыщащтащ КЪБР-м и Правительствэм и зэІуІэну иджыблагъэ Мусуков Алий иригъэкІуэкІам. Хабзэщ Іэхэм къару ягъуэт 2015 гъэм щышышІэм и 1-м щегъэжьауэ.

КЪБР-м финансхэмкІэ и министрым и кІалэнхэр зыгъэзащІэ Мишковэ Ириндж къызэрилъытэмкІэ, а хабзэхэр бюджет политикэр егъэфІэкІуэныкІэ сэбэн хъунущ. Унафэм къыщащІэльэгъуащ муниципальнэ щІыналъэхэм зыхуагъэувыжа финансыр кьалэнхэр зрегъэзэщІэн папщІэ 2014 гъэм, апхуэдэу 2015, 2016 гъэхэм я лъэхъэнэм ятещІыхьа республикэ бюджетым къыхэкІ ахъшэкІэ зызыщІагъэкъуэну Іуэхугъуэхэр.

ЗэІуІэм хэтахэм апхуэдэу даІыгъащ «Къэралымрэ щІыкІэхэхэмрэ КЪБР-м зэрыщыІэздзалажьэм и Іуэхуфі» КЪБР-м и Законым зэкъуэжьынигъэхэр хэпхъэныным теухуауэ республикэм и Правительствэм игъэхъэзыра проектыр. КЪБР-м экономикэ зыужьынигъэмкІэ и министр Рахаев Борис зэрыжиІамкІэ, ахэр зыхуэунэтІар инвесторхэм папщІэ Іэмал нэхъыфІхэр кьызэрэзэпэщынырщ. Мы Іэнатіэм щекІуэкІ лэжьыгъэхэр зригъэуІуну пщэрыпІ щащІащ КЪБР-м и Іэтащхьэм и деж Инвестицэхэмкі щыІэ советым.

2015 гъэр ди деж Литературэм и илъэсу щыщытынущ. Ар гъэхъэзырынымрэ егъэкІуэкІынымкІэ кьызэрэпэщакІуэ комитет яубзыхуащ.

Дызыхьыхь илъэсым республикэм зыщрагъэужынущ наркотикхэм, акъылыр зэІызыгъэхь адрей цІыхухьэм ятехьэкуа цІыхухэр гъэхъужынымрэ ахэр гъащІэм хэгъэзгъэжынымкІэ инфраструктурэм. Абы теухуауэ зэІуІэм кьащащта унафэр хуэгъэзащ мы Іэнатіэм пыщІа Іуэхущ Іапі эхэм ящІэрыгъэ зыгъэзыхьэ хабзэ мардэхэр егъэфІэкІуэныгъэ, сымаджэхэм зэрадэлажьэр, ахэр зэрагъэхъуэжыр гъэтэмакІэм.

ХЬЭПЭ Маринэ.

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.).

- Республикэм исхэм я гъащІэр нэхъ тынц щІыным хуэгъэзауэ Парламентымрэ Правительствэмрэ зэдзлэжьэнымкІэ сыт хуэдэ Іэмалхэр щыІэ?

- Ялэ мазэхэм кьызэрагъэлъэгъуамкІэ, КЪБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ тэмэму зэдзлэжьэн папщІэ республикэм Іэмал псори щыІэщ. Властым а и Іэнатіэр зэпэщхьэуэ, ауэ ахэр зэкъуэту елэжьын хуейщ я зэхуэдэ кьалэн инхэм - республикэм мамырыгъэмрэ зэпІэзэрытныгъэмрэ щІыхьэмэным, гъащІэм и сыт хуэдэ Іыхьэмэ щэщІауэ зегъэужьыным, цІыхухэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным. Аращ республикэм политикэ, экономикэ зэпІэзэрытныгъэ щыІэныкъкІэ, ар зэпымыуэ ялэкІэ кІуэтэныкъкІэ щэсыпІэр.

Иджыпсту республикэм и Правительствэр кьызэгъэпэщынырэ зэфІагъэкІащ. Ялэ махуэхэм щегъэжьауэ дэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и комитетхэм яхуэдгъуэ Іуэху яхъыщхьэхэм ящыщщ ахэр зыхуэфащэ министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ ялыщІауэ щытыныр, езыхэм я полномочиехэм хиубыдэ Іуэхущхэр дзгъэкІынымкІэ зэщІыгъуэ пэрытныр. Апхуэдэ зэдзлэжьэкІэм и щапхъэ зыгъэбгъэлъагъуэ хъунущ 2015 гъэм, 2016, 2017 гъэхэм я лъэхъэнэм КЪБР-м и республикэ бюджетым и проектым зэрелэжьаІэр ар кьызэращытырэ. Дэ дыщогъуГ КЪБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ я зэдзлэжьэкІэм адэкІи зиужьыну.

Иджыпсту дэ гулъытэ хэха хуэдэ щыІэ Іуэхущхэр зегьэужьыгъэ органхэм нэхъ зыубгъуауэ ядэлэжьэным. Мыбдеж сыбзэщІынкъым щІыналъэ властхэм я жьджрагъыр лъагэ дыдэу зэрыщыІмытыр. Ди деж кІыкІкІэ сэбэнщ дэ къатщтэ хабзэ мардэхэр кьэзыгъэсэбэнхэм я Іуэху епІыкІэр. Дэтхэнэ законми и мардэхэр пхыгъэхІыным льэныкъуэ куэдкІэ убгъэдыхьэ хъунущ икІи абы пыщІа сыт хуэдэ Іуэхуми теухуауэ районхэмрэ жылагъуэхэмрэ республикэм унафэр щыпхъэзыгъэкІэр я Іуэху епІыкІэм пэувыну зыри щыІэкъым.

- Иджыпсту къэралым щыщІеТеува экономикэ щытыкІэр сыт хуэдэу къэлпІытэрэ?

- Адэкіэ ди Іуэхур зэрыхъунym теухуауэ куэдым куэд жаІэ. Ауэ сэ быдэу си фІыгъэ мэхъу кьэзыгъэнымрэ утепсэлъыхьын папщІэ зэхэщІыкІышхэрэ щІэныгъэ нэсрэ уиІэн икІи дэтхэнэ зи псалъэрэ егугъуу кьыхэпхын зэрыхуейр. ЦІыху нэхъ утыкуакІуэхэм ящыщ дэтхэнэмэ жиІэр псынщІэу дэнэ щІыпІи щызэпрадзыж икІи абы цІыхухэр игъэжьэкъуэнІэ хъунущ. ЦІыхухэм я зытуныкъкІэ зыщ - иджырей лъэхъэнэм кьаралым щыІэ экономикэ щытыкІэр Іуэху куэдым елъытащ. Абыхэм ди къаралым и экономикэм мы зэманым кьызэрытракъуэзри, дунейпсо зэгухьэныгъэ пыухыкІахэм кьызэдащта политикэм и зэранкІэ щыдгъэзым и уасэр зэрехъэхари, валютэм и Іуэхуфі зэтщІ. Дауэ мыхъхуми, Урысейм ифІ куэд зыхэмылъ щытыкІэ зэтеуважащ икІи абыкІэ дэри сэбэп дыщыхьуа щыІэщ.

Адэкіэ экономикэм и Іуэхур зыхуэкІуэнym сэ иджыпсту пыухыкІауэ сытепсэлъыхьыфынукъым. Ар зи Іуэхур экономистхэмрэ финансистхэмраци, абыхэм ябыщыркъым зэман благъэм ящрубыдэу къэхъункІэ хъунукъмкІэ щэсыпІэ зэримыхьэфынур. Ауэ мы кьыкІэлъыкІуэр жысІэнщ - Кърымымрэ Севастополрэ иращІкІ псалъэмакъэр ди къаралым кьызэрытракъуэзи щыхьэсыгъуэу аращ. Дэ, Урысейм и цІыхухэм, я закъуэщ ди къаралыр лъэщу, зыми ІэщІэмылъу щытыну хуейр. Кьрымыр кьыкъуэмыкІамэ, ди жагъуэгъуэхэм нэгъуэщІ тегъэщІапІэ кьызгъуэтынут Урысейм кьеныкъуэкъун папщІэ. Абы и щыхьэту къэпхъуэлу мазэм Осетие Ипщэм щекІуэкІа Іуэхухэм ехьэлІауэ ди къаралым пщІыпІ фІейуэ кьарпэсауэ шытахэр.

Ди жагъуэ зэрыхъущи, иджыпсту экономикэ Іуэхухэр зэкъуэгъэсэбэнрэ ди къаралым кьытесхьыкъуэзну хущІэкъуэхэм Украинэри Кьрымри кьафІэІуэхукъым. Дэ жьІэдаІуэ зэдаІыпІ папщІэ абыхэм я нэ мыджьну я щІыхьэ и псэукІэри зэІаГ-гур. А тІум я зэхуакум дэлъ км 7,5-м асфальт траЛъхьащ, абы кьегъэщІылІа ахэс лъагъуэр зыхуей хуагъэзащ, гъэгу дамыгъэхэр трагъэуващ. Интернатым хуэзышІэ гъэгуэум районым и центр Шэджэм кьалэмрэ Лашынкъейрэ зэрепх. Иджы абы и фІыгъэкІэ гъэгу нэхъыщхьэм щыІэзкІуэ машинэхэр нэхъ мащІэ хъунущ.

Шэджэм район администрацэм и пресс-Іуэхущ Іапі э.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентыр щІыхьэм я псалъэм щІэуэІу

- Республикэм исхэм я гъащІэр нэхъ тынц щІыным хуэгъэзауэ Парламентымрэ Правительствэмрэ зэдзлэжьэнымкІэ сыт хуэдэ Іэмалхэр щыІэ?

- Ялэ мазэхэм кьызэрагъэлъэгъуамкІэ, КЪБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ тэмэму зэдзлэжьэн папщІэ республикэм Іэмал псори щыІэщ. Властым а и Іэнатіэр зэпэщхьэуэ, ауэ ахэр зэкъуэту елэжьын хуейщ я зэхуэдэ кьалэн инхэм - республикэм мамырыгъэмрэ зэпІэзэрытныгъэмрэ щІыхьэмэным, гъащІэм и сыт хуэдэ Іыхьэмэ щэщІауэ зегъэужьыным, цІыхухэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным. Аращ республикэм политикэ, экономикэ зэпІэзэрытныгъэ щыІэныкъкІэ, ар зэпымыуэ ялэкІэ кІуэтэныкъкІэ щэсыпІэр.

Иджыпсту республикэм и Правительствэр кьызэгъэпэщынырэ зэфІагъэкІащ. Ялэ махуэхэм щегъэжьауэ дэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и комитетхэм яхуэдгъуэ Іуэху яхъыщхьэхэм ящыщщ ахэр зыхуэфащэ министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ ялыщІауэ щытыныр, езыхэм я полномочиехэм хиубыдэ Іуэхущхэр дзгъэкІынымкІэ зэщІыгъуэ пэрытныр. Апхуэдэ зэдзлэжьэкІэм и щапхъэ зыгъэбгъэлъагъуэ хъунущ 2015 гъэм, 2016, 2017 гъэхэм я лъэхъэнэм КЪБР-м и республикэ бюджетым и проектым зэрелэжьаІэр ар кьызэращытырэ. Дэ дыщогъуГ КЪБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ я зэдзлэжьэкІэм адэкІи зиужьыну.

Иджыпсту дэ гулъытэ хэха хуэдэ щІыпІэ зэхэщІыкІэ органхэм нэхъ зыубгъуауэ ядэлэжьэным. Мыбдеж сыбзэщІынкъым щІыналъэ властхэм я жьджрагъыр лъагэ дыдэу зэрыщыІмытыр. Ди деж кІыкІкІэ сэбэнщ дэ къатщтэ хабзэ мардэхэр кьэзыгъэсэбэнхэм я Іуэху епІыкІэр. Дэтхэнэ законми и мардэхэр пхыгъэхІыным льэныкъуэ куэдкІэ убгъэдыхьэ хъунущ икІи абы пыщІа сыт хуэдэ Іуэхуми теухуауэ районхэмрэ жылагъуэхэмрэ республикэм унафэр щыпхъэзыгъэкІэр я Іуэху епІыкІэм пэувыну зыри щыІэкъым.

- Иджыпсту къэралым щыщІеТеува экономикэ щытыкІэр сыт хуэдэу къэлпІытэрэ?

- Адэкіэ ди Іуэхур зэрыхъунym теухуауэ куэдым куэд жаІэ. Ауэ сэ быдэу си фІыгъэ мэхъу кьэзыгъэнымрэ утепсэлъыхьын папщІэ зэхэщІыкІышхэрэ щІэныгъэ нэсрэ уиІэн икІи дэтхэнэ зи псалъэрэ егугъуу кьыхэпхын зэрыхуейр. ЦІыху нэхъ утыкуакІуэхэм ящыщ дэтхэнэмэ жиІэр псынщІэу дэнэ щІыпІи щызэпрадзыж икІи абы цІыхухэр игъэжьэкъуэнІэ хъунущ. ЦІыхухэм я зытуныкъкІэ зыщ - иджырей лъэхъэнэм кьаралым щыІэ экономикэ щытыкІэр Іуэху куэдым елъытащ. Абыхэм ди къаралым и экономикэм мы зэманым кьызэрытракъуэзри, дунейпсо зэгухьэныгъэ пыухыкІахэм кьызэдащта политикэм и зэранкІэ щыдгъэзым и уасэр зэрехъэхари, валютэм и Іуэхуфі зэтщІ. Дауэ мыхъхуми, Урысейм ифІ куэд зыхэмылъ щытыкІэ зэтеуважащ икІи абыкІэ дэри сэбэп дыщыхьуа щыІэщ.

Адэкіэ экономикэм и Іуэхур зыхуэкІуэнym сэ иджыпсту пыухыкІауэ сытепсэлъыхьыфынукъым. Ар зи Іуэхур экономистхэмрэ финансистхэмраци, абыхэм ябыщыркъым зэман благъэм ящрубыдэу къэхъункІэ хъунукъмкІэ щэсыпІэ зэримыхьэфынур. Ауэ мы кьыкІэлъыкІуэр жысІэнщ - Кърымымрэ Севастополрэ иращІкІ псалъэмакъэр ди къаралым кьызэрытракъуэзи щыхьэсыгъуэу аращ. Дэ, Урысейм и цІыхухэм, я закъуэщ ди къаралыр лъэщу, зыми ІэщІэмылъу щытыну хуейр. Кьрымыр кьыкъуэмыкІамэ, ди жагъуэгъуэхэм нэгъуэщІ тегъэщІапІэ кьызгъуэтынут Урысейм кьеныкъуэкъун папщІэ. Абы и щыхьэту къэпхъуэлу мазэм Осетие Ипщэм щекІуэкІа Іуэхухэм ехьэлІауэ ди къаралым пщІыпІ фІейуэ кьарпэсауэ шытахэр.

Ди жагъуэ зэрыхъущи, иджыпсту экономикэ Іуэхухэр зэкъуэгъэсэбэнрэ ди къаралым кьытесхьыкъуэзну хущІэкъуэхэм Украинэри Кьрымри кьафІэІуэхукъым. Дэ жьІэдаІуэ зэдаІыпІ папщІэ абыхэм я нэ мыджьну я щІыхьэ и псэукІэри зэІаГ-гур. А тІум я зэхуакум дэлъ км 7,5-м асфальт траЛъхьащ, абы кьегъэщІылІа ахэс лъагъуэр зыхуей хуагъэзащ, гъэгу дамыгъэхэр трагъэуващ. Интернатым хуэзышІэ гъэгуэум районым и центр Шэджэм кьалэмрэ Лашынкъейрэ зэрепх. Иджы абы и фІыгъэкІэ гъэгу нэхъыщхьэм щыІэзкІуэ машинэхэр нэхъ мащІэ хъунущ.

Шэджэм район администрацэм и пресс-Іуэхущ Іапі э.

Пэрытхэр ягъэлъапІэ

Дыгъэгъаазм и 25-м КЪБР-м и Парламентым и Унэм щагъэлъэпІащ дызэрыт гъэм Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм ящыщыжьаныкІахэр.

КЪБР-м и Парламентым и Унафэщі **Егоровэ Татьянэ** зэІуІэр кьыщцыкІэзІуихым кьызэхуэсащ. Абы ящыщ Іэнатіэ зэхуигъэзащ, «Нэф дэ къедгъэлъэпІащ Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм щыпэрытхэр, я лжьыгъэм гурэ псэкІэ бгъэдэтхэр. Ди республикэм и зыужьыныгъэм, абы иц цІыхухэм я псэукІэр ефІэкІуэным телажьэ дэтхэнэми фІыщІэ ин хэсэщІыну сыхуейщ. Дяпэкіи фи зэфІэкІ мыкІуэщІрэ абы хуэфащэн пщІэрэ вгъуэту куэдрэ фыпсэуну си гуапэщ», - жиІащ Егоровэм.

ЦІыхухэм я узынШагъэр хъумэным, экономикэм, егъэджэныгъэм, щэнхабзэм, нэгъуэщІ Іэнатіэхэми я лжьакІуэ 38-м Парламентым и щІыхь тхылъэр хуагъэфащащ.

«Федерацэмкіэ Совет. Илъэс 20» медалыр УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым хэта **Нэхущ Заурбийрэ Бечелов Ильясрэ** ираташ.

КЪБР-м и Парламентым и ЩІыхь тхылъыр хуагъэфащащ «Ай-Би-Си Промстрой» зэгухьэныгъэм и унафэщІ **Войтов Алексей**, Мэрзэхъу къуажэм и Ветеранхэм я советым и унафэщІ **Елъхъэн Мухътар**, УФ-м и МВД-м и къудамэу Прохладнэ щІыІэм и унафэщІ **Макеев Эдуард** сымэ, нэгъуэщІхэми. Апхуэдэуи КЪБР-м и Парламентым и щІыхь тхылъ щІыпІ 11-м ираташ.

КЪБР-м и Жылагъуэ палатэм хэт Нэхущ Заурбий къыщыпсалъэм жиІащ Парламентым зэфІигъэкІа Іуэху щхьэпэхэмкІэ пщІэрэ щхьэрэ къыІэжьын зэхуэзэфІэкІар.

«Куэдрэ къоХу ди депутатхэм я лэжьакІэр ягу иримыхьу щахуэхъуащІэ, ауэ щыхьэкІи ди республикэр зэрыпсэур а депутатхэм вубзыхуэ я щхьэхуэ ящІэ, - къыхихуащІэщащ Нэхущым.

- Сыныбжьхуэхъу фи зэфІэкІыр нэхъыбэ хъуну, ильэсыщІэ дызытехьэм зэрыпсэуну, - захуигъэзащ къызэхуэсахэм КЪБР-м и Парламентым и Унафэщым и къудамэ Бозий Натбий.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Медицинэ Іуэхущ Іапі и гъуэгуи къызэІуах

● Узыншагъэ

Шэджэм районым хыхьэ Хъущтэ-Сырт, Щхьэлыкъуэ жылэхэм мы махуэхэм къыщызэІуахащ щІэуэ яуха фельдшер-акушер Іуэхущ Іапі э, Лашынкъей къуажэм и Іэ хъущ амбулаторэ.

ФАП-хэм хэтынущ сымаджэм щеплъ, мастэ щыхьалъхьэ, физиотерапиэр пэщэхэр. Абыхэм щылажьэнущ фельдшерхэр, акушерхэр, медсестрахэр.

ЦІыху 4500-рэ щыпсэу Лашынкъей жылэм и амбулаторэм хэтынущ стоматологие, гинекологие пэщэхэр, сымаджэхэр махуэкІэ зыщІэлъ пэщэхэр. Кьуажэдэсхэм я узыншагъэм кІэлъыплъынущ медицинэ язэкъуІуэу 27-рэ, абыхэм ящыщу 6-р дохутырщ.

КЪБР-м и Правительствэм и УнафэщІым и япэ къуэдзэ Литовченкэ Татьянэ медицинэ Іуэхущ Іапі эхэр къыщыдэІуэнхым кьыхигъэщащ илъэсыщІэм ирихьэлІэу республикэм фельдшер-акушер Іуэхущ Іапі эу 40-рэ амбулаторэу 10-рэ къызэрыщызэІуахар.

КЪБР-м и Правительствэм и УнафэщІым и іуэхущ - узыншагъэр хъумэныкІэ министр Шэт Ирмэ жиІащ республикэ унафэщІхэм узыншагъэр хъумэныкІэ Іэнатіэм и пэщІэдзэ къудамэм зегъэужьыныр япэ ирагъэщ Іуэхуу зэрыщытыр.

Шэджэм район администрацэм и унафэщІ Ахъуэхъу Къанщокий фІыщІэ яхуищІащ Іуэхур къызэзыгъэпэщахэм, ухуахІуэхэм икІи кьигъэгугъащ илъэсыщІэм и пэщІэдзэм фельдшер-акушер Іуэхущ Іапі эхэр компьютеркІэ къызэриГъэщыну.

А махуэм хьэщІэхэм къызэІуахащ сыт и лъэныкъуэкІи зыхуей хуагъэзэжа Шэджэм - Психоневрологие интернат Іуэгур. А тІум я зэхуакум дэлъ км 7,5-м асфальт траЛъхьащ, абы кьегъэщІылІа ахэс лъагъуэр зыхуей хуагъэзащ, гъэгу дамыгъэхэр трагъэуващ. Интернатым хуэзышІэ гъэгуэум районым и центр Шэджэм кьалэмрэ Лашынкъейрэ зэрепх. Иджы абы и фІыгъэкІэ гъэгу нэхъыщхьэм щыІэзкІуэ машинэхэр нэхъ мащІэ хъунущ.

Шэджэм район администрацэм и пресс-Іуэхущ Іапі э.

Прохладнэм и Іэтащхьэ Кладько Игорь

● Къулыкъу

Прохладнэ кьалэ округым щыпІэ унафэр зегъэкІуэныкІэ и советым иджыблагъэ иригъэкІуэкІа зи чэзу зэІуІэм кьалэ администрацэм и Іэтащхьэу щыІэуащ Кладько Игорь Евгений и къуэр.

КЛАДЬКО Игорь 1962 гъэм Налшык кьалэм кьыщалъхуащ. Абы 1989 гъэм тхыдэ Іэщ Іагъэмкіэ Къэбэрдей-Балъкъэр къарал университетым, 2004 гъэм юриспруденциэ Іэщ Іагъэмкіэ Иджырей къэрал академиер къыуаащ. Налшык электровакуум заводым лэжьэн щыщІидзащ.

Дзэм къулыкъу щищІэу къыгъэзэжа нэужь, Кладько Игорь а заводым и комсомол комитетым и секретару лэжьащ. 2010 гъэм Налшык кьалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэм и къулыкъу игъэащІэу - промышленностымрэ связымкІэ управленэм и унафэщІу щытащ.

2012 гъэм и мэкъуэгъэгъуэ - дыгъэгъаэ мазэхэм Прохладнэ кьалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэм и къулыкъу игъэащІэу - промышленностымрэ связымкІэ управленэм и унафэщІу щытащ.

2012 гъэм и мэкъуэгъэгъуэ - дыгъэгъаэ мазэхэм Прохладнэ кьалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэм и къулыкъу игъэащІэу - захуигъэзащ кьызэхуэсахэм КЪБР-м и Парламентым и УнафэщІым и къуэдзэ Бозий Натбий.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Лъэныкъуипл1ымк1и - унагъуэ пл1ыщ1

● Уаз

Къурэн лъапIэмрэ хъэдисымрэ къаГъэуВ мардэм тету гъунэгъум и хъэкъыр зымыГъэзащIэр Къемэт махуэм хущIегъуэжьинущ.Ислъам диным гъунэгъуу ебж лъэныкъуипIымкIи унагъуэ пIлыщI. Гуэввэгъуэ е гуфIэгъуэ ирехъу Іуэхугъуэ гуэр къытпыкъуэкIа ноужь, псом япэу дгъуэтыр гъунэгъурщ. Араш ар гъэлъэпIэн, абы тэмэму бГъэдэтын щIыхуейр.

ДыкъэзыгъэщIам и псалъэу КъурIэным итщ: «Алыхым щхьэщэ хуэфщI. Абы зыри гъуэсэ хуэвмыщI. Пэжу фабГъэдэт адэ-анэм, Іыхьлым, зеинШэхэм, тхъэмыщкIэхэм, гъэзгу тету фи деж ныдыхьаХэм, гъунэгъу Іыхьлыхэм, гъунэгъу хамэхэм».

Мухьэммэд бегъымбар лъапIэм пщIэшхэ яхунщу щытащ гъунэгъу псоми (абыхэм сыт хуэдэ дин зэрахьэми емылъытауэ). Абы и щIыхьтщ мы хъыбарыр: «ЛIыкIуэм и гъунэгъуу псэут зы лIы джаур гуэр. Ар апхуэдизкIэ бзаджащIэт, Алыхьри, ЛIыкIуэри и фIэщ хъуртэкIыми, илъэс зыбжанэкIэ бегъымбарыр гугъу иригъэжащ. Зы пщащ-джыжь къэмынэу пхъэнкIийр лIыкIуэм и бжэлупэм трикIутэрт. Ауэ бегъымбарым зыри жимыIэу Іуихыжырт. Зы махуэ гуэрым Мухьэммэд бегъымбарыр къыщIэкIри, и бжэлупэм пхъэнкIий телътэкъым. Ар щIилъагъуэм лIыкIуэр гъунэгъум щхьэкIэ гуэзвэри, и бжэ зыпщIакIуэ щIыхьащ. «Сыт щхьэкIэ укъыСхуэкIуа?» - жиIэу зэщIкIуар щыщIэупщIэм, ЛIыкIуэм жэуап къитащ: «Си бжэлупэм пхъэнкIий телъхьэтхъыми, сыгуэ-ращ сыту пIэрэ си гъунэгъум къыщыщIар, сымаджэу е дэпэкъуэгъу хуэныкъуэу пIэрэ жысIэри». Ар зыхэзыха бзаджащIэм жиIащ: «ЛаИиллахьэ Іиллэлахь Мухьэммэд расуллулахь» («Щыхьэт сытохьэ Алыхьым фIэкIа Тхьэ зэрыщымыIэм, Мухьэммэд Абы зэрилIыкIуэм»).

Мухьэммэд бегъымбарым жиIауэ хъэдисым къыщокIуэ: «ЦIыхухэм я зэран къекIинкIэ зыщщышынэ гъунэгъур зэи жэнэтым кIэнуукъым». НагъуэщIми ущрохьэлIэ: «Унагъуэм хьэнтхъупс щывгъавэкIэ, псыр нэхьыбэIуэу щIэфкIэ, фи гъунэгъу хуэныкъуэу къэфдпытэм и Іыхьэ хэкIыфын папщIэ». ЛIыкIуэм и псалъэу хьэдисым къыщокIуэ: «ЦIыхухэ мусЛ1ымэнхэ! Хабзэ дахэр зыхэвгъэлъ, зы гъунэгъум ипщэфIам щыщ адрей гъунэгъум хуэфхь!»

Гъунэгъу зэрымэжалIэр пщIэуэ уи ныбэ изу ушхэу угъуэлъыжьинкIэ хьэрэмщ. Абы теухуауэ хьэдисым жыдгурегъаIуэ: «ЛIыкIуэм жиIащ: «И гъунэгъум и ныбэр ныкъуэу зэрыгъуэлъыжым щыгъуазэу зи ныбэ изу шхэуэ гъуэлъыжхэр муслъымэным хибжэркъым».

Жэщи махуи нэмэз пщIыкIи, КъурIэн уеджакIи, ахэр къыпхэущхьэпэнчкъым уи адэ-анэм, Іыхьлым, гъунэгъум Іейуэ ухэущытмэ. Бегъымбарым жраIат: «Уа, ЛIыкIуэ лъапIэ, зы бзылъхугъэ гуэрым нэмэз куэдрэ ищIырт, сэдэкъэ итт, КъурIэн еджэрейт, ауэ гъунэгъу гугъу иригъэжьырт, ІейкIэ ятепсэлъыхьырт». ЛIыкIуэм жэуап къаритащ: «Тхьэ соIуэ ар жыхьэнмэ мафIэм зэрисынумкIэ». НэгъуэщI зы цIыхубзми и гугъу хуащIащ: «Сэдэкъэ итыркъым, къурIэни еджэфыркъым, ауэ гъунэгъу хъэр къыхуэзарзэщIу, абыхэм псэ къабзэкIэ ябгъэдэтщ, я цIэ фIыкIэ къреIуэ». Бегъымбарым жиIащ: «ТхьэсоIуэ ар жэнэт Іыхьлы зэрыхъунумкIэ». НэгъуэщI хьэдисым итщ: «Алыхьымрэ Къемэт махуэмрэ зи фIэщ хъэр гъунэгъум фIыкIэ бгъэдэтыращ, Алыхьымрэ Къемэт махуэмрэ зи фIэщ хъум, и хьэщIэр ирегъэльапIэ, Алыхьымрэ Къемэт махуэмрэ зи фIэщ хъум, и жьэм фIы кIыжьэдрекI е зыри жремыIэхэ».

Ислъам диным къытхуитIуэм мардэхэм тету кIыбгъэздэсым и хьэкъыр бгъэзэщIапхъэщ. Гъунэгъур къыщолъэIыкIэ щIыхуэ етын, гузэвэгъуэ хэхуэмэ епIэщIэкIыу дэIэпыкъун, нэщхъеягъуэри гуфIэгъуэри дэIыгъын, ерыскъыкIэ хуэсакъын, абы сыт хуэдэ дин зэрихьэми сыт хуэдэ лъэпкъ къыхэкIами фIыкIэ бгъэдэтын хуейщ. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, гъунэгъухэм Іэмал имыIэу къахокI зэран хъу, хьэл мыхьумыщIэ зыхэлъ щэчыгъуеий гуэр. Апхуэдэкэри зэрытшэчыным, дахэкIэ даззрыбгъэдэтыным дихыщIэзэгъэкъу, дэ зыхэдгъэлъ шыIэныгъэм игъэхуIытэу абыхэм захъуэжьинкIэ хъунущ.

Абу Бакр ибн Амир ЛIыкIуэм елъэIуат ущие гуэр къритыну. БегъымбарымкIыжьыриIащ: «Уэ кIыпкIэльымыкIуэр умыбгынэ, уэ къозымытым ет (зыщIэгъакъуэ), зэран кIыпхуэхъуэхэм яхуэгъэгъу».

Абу Хьэнифэ, Тхьэр арэзы зыхуэхъуныр, Багдад къалэм щыщыпсэуам журт гъунэгъу иIэу щытащ. Журтым и псыунэр Абу Хьэнифэ и бжьхь дыдэм кIэрытт. Абы фIейуэ кIрихьар зы махуэ къэмынэу и пщIантIэм дэлъадэрт, ауэ журт-тым абы щIыгъуаззэткъым. Абу Хьэнифэ гъунэгъу имыгъэхьIытэн папщIэ зэи зыри жриIэртэкъым, езым игъэкъэбзэжырт. Апхуэдэу илъэс 40-кIэ фIейр Абу Хьэнифэ игъэкъэбзэжащ. Ар дунейм ехьжа нэужь, журтыр щыгъуазэ хъуащ Іуэхур зыIутам икIи щIэупщIащ: «Сыт апхуэдизкIэ ибэскIэ сыщIишэнар?» Абу жэуап ираташ: «ЛIыкIуэ лъапIэм и щапхъэм зэрикIуащ». Ар зи нэгу щIэкIа журтым ислъам диныр кIищтэри, дунейм ехыжьхукIэ муслъымэн щыпкъэу псэуащ.

Хъыбар кIэщIхэр

● Мусл1ымэнхэмрэ христэнхэмрэ я зэхущытыкIэр егъэфIэкIуэным лъэныкъуитIри зэрелэжьырэ илъэс 25-рэ зэрырикъум къыхэкIкIэ США-м и Минесотэ къалэм дэт Ислъам центрым щрагъэкIуэкIащ гуфIэгъуэ махуэшхуэ. ЗэIущIэм кърихьэлIа хьэщIэхэмрэ журналистхэмрэ телъыджэ ящыхъуащ я зэхущытыкIэр егъэфIэкIуэным, мамырыгъэ яку дэлъыным лъэныкъуитIми я гуащIэшхуэ зэрыхалъхьэм. Абыхэм апхуэдэ зэIущIэу 300 ирагъэкIуэкIащ икIи екIуалIэхэр илъэс къэс нэхъыбэ хъу зэпытщ.

● Урысейм Ислъам университетыр къыщызыуха Бурханов Закарие хэтынущ Сауд Хьэрыпым щрагъэкIуэкIыну КъурIэн еджэнымкIэ дунейпсо зэпеуэм.

● Псыхуабэ къалэм дэт мэжджытым щекIуэкIащ сабийхэмрэ цIыхубзхэмрэ КъурIэн еджэнымкIэ я зэпеуэ. Абы хэта цIыкIуэхэм я ныбжьыр илъэси 7-м къыщыщIэдзауэ 13-м нос. Зэпеуэм екIуэлIащ Ставрополь крайм и къалэхэм, районхэм къикIауэ цIыху 50. Абыхэм яхэтащ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ Къабэрдей-Балъкъэрымрэ щыщхэри.

● Мужьрей илъэс 30-м кIуриубыдэу Урысейм щыIэ мэжджытхэм я бжьыгъэр хуэдэ 70-кIэ хэхьащ. Иджы абыхэм я куэдагъэр мини 7-м щIигъащ. БлэкIа лIэщIыгъуэм и 80 гъэхэм мэжджытхэм я бжьыгъэр 100-м нэсу щытауэ араш, нобэкIэ ар мини 7 мэхъу.

● Дунейм и мэжджыт щIэрыIуэхэр

И анэм и цIэр зэрехьэ

Тэтэр къуажэ Медяна дэт Тхьэм и уна «Рашидэ»1992 - 1994 гъэхэм яухуащ. Ар езыгъэщIар щхьэзакъуэ хьэрычэтыщIэ, псапащIэ Гильманов Фаизщ. Абы мэжджытыр и мылъкукIэ иригъэхуащ, и анэм и цIэри фIищыжащ.

Зи гугъу тщIы Тхьэм и унэр Урысей Федерацэм щынэхъ дахэ дыдэхэм ящыщ щыщ. ТеплъэкIэ ар удз гъэгъам ещхьщ. Мэжджытыр фIыуэ илъагъу и анэм и мызакъуэу, мусЛ1ымэн псоми Гильмановым тыгъэ яхуищIащ.

ЩIышылэм и нэмэз щIыгъуэхэр

● Фи лъэIукIэ

Махуэхэр	Пщэдджыжьыр	Дыгъэр къыщыщIэкIыр	Шэджагъуэр	Ичындыр	Ахъшэмыр	Жасыр
1, махуэку	06.08	07.38	12.19	14.31	16.39	18.19
2, мэрем	06.08	07.38	12.20	14.32	16.40	18.20
3, щэбэт	06.08	07.38	12.20	14.33	16.41	18.21
4, тхьэмахуэ	06.08	07.38	12.21	14.34	16.42	18.22
5, блыщхьэ	06.08	07.38	12.21	14.34	16.43	18.23
6, гъубж	06.08	07.38	12.22	14.35	16.44	18.24
7, бэрэжьей	06.08	07.38	12.22	14.36	16.45	18.25
8, махуэку	06.08	07.38	12.22	14.37	16.46	18.26
9, мэрем	06.07	07.37	12.23	14.38	16.47	18.27
10, щэбэт	06.07	07.37	12.23	14.39	16.48	18.28
11, тхьэмахуэ	06.07	07.37	12.24	14.40	16.49	18.29
12, блыщхьэ	06.06	07.36	12.24	14.41	16.50	18.30
13, гъубж	06.06	07.36	12.24	14.42	16.51	18.31
14, бэрэжьей	06.06	07.36	12.25	14.43	16.52	18.32
15, махуэку	06.05	07.35	12.25	14.44	16.54	18.34
16, мэрем	06.05	07.35	12.26	14.45	16.55	18.35
17, щэбэт	06.04	07.34	12.26	14.46	16.56	18.36
18, тхьэмахуэ	06.04	07.34	12.26	14.47	16.57	18.37
19, блыщхьэ	06.03	07.33	12.27	14.48	16.59	18.39
20, гъубж	06.02	07.32	12.27	14.49	17.00	18.40
21, бэрэжьей	06.02	07.32	12.27	14.50	17.01	18.41
22, махуэку	06.01	07.31	12.28	14.52	17.02	18.42
23, мэрем	06.00	07.30	12.28	14.53	17.04	18.44
24, щэбэт	05.59	07.29	12.28	14.54	17.05	18.45
25, тхьэмахуэ	05.58	07.28	12.28	14.55	17.06	18.46
26, блыщхьэ	05.57	07.27	12.29	14.56	17.08	18.48
27, гъубж	05.57	07.27	12.29	14.57	17.09	18.49
28, бэрэжьей	05.56	07.26	12.29	14.58	17.10	18.50
29, махуэку	05.55	07.25	12.29	14.59	17.12	18.52
30, мэрем	05.54	07.24	12.29	15.01	17.13	18.53
31 щэбэт	05.53	07.23	12.29	15.02	17.14	18.54

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Мусл1ымэнхэм я Іуэхущ1ап1эм къыдитащ.

Щ1ыпл1ымк1и - унагъуэ пл1ыщ1

● Уаз

Къурэн лъапIэмрэ хъэдисымрэ къаГъэуВ мардэм тету гъунэгъум и хъэкъыр зымыГъэзащIэр Къемэт махуэм хущIегъуэжьинущ.Ислъам диным гъунэгъуу ебж лъэныкъуипIымкIи унагъуэ пIлыщI. Гуэввэгъуэ е гуфIэгъуэ ирехъу Іуэхугъуэ гуэр къытпыкъуэкIа ноужь, псом япэу дгъуэтыр гъунэгъурщ. Араш ар гъэлъэпIэн, абы тэмэму бГъэдэтын щIыхуейр.

ДыкъэзыгъэщIам и псалъэу КъурIэным итщ: «Алыхьым щхьэщэ хуэфщI. Абы зыри гъуэсэ хуэвмыщI. Пэжу фабГъэдэт адэ-анэм, Іыхьлым, зеинШэхэм, тхъэмыщкIэхэм, гъэзгу тету фи деж ныдыхьаХэм, гъунэгъу Іыхьлыхэм, гъунэгъу хамэхэм».

Мухьэммэд бегъымбар лъапIэм пщIэшхэ яхунщу щытащ гъунэгъу псоми (абыхэм сыт хуэдэ дин зэрахьэми емылъытауэ). Абы и щIыхьтщ мы хъыбарыр: «ЛIыкIуэм и гъунэгъуу псэут зы лIы джаур гуэр. Ар апхуэдизкIэ бзаджащIэт, Алыхьри, ЛIыкIуэри и фIэщ хъуртэкIыми, илъэс зыбжанэкIэ бегъымбарыр гугъу иригъэжащ. Зы пщащ-джыжь къэмынэу пхъэнкIийр лIыкIуэм и бжэлупэм трикIутэрт. Ауэ бегъымбарым зыри жимыIэу Іуихыжырт. Зы махуэ гуэрым Мухьэммэд бегъымбарыр къыщIэкIри, и бжэлупэм пхъэнкIий телътэкъым. Ар щIилъагъуэм лIыкIуэр гъунэгъум щхьэкIэ гуэзвэри, и бжэ зыпщIакIуэ щIыхьащ. «Сыт щхьэкIэ укъыСхуэкIуа?» - жиIэу зэщIкIуар щыщIэупщIэм, ЛIыкIуэм жэуап къитащ: «Си бжэлупэм пхъэнкIий телъхьэтхъыми, сыгуэ-ращ сыту пIэрэ си гъунэгъум къыщыщIар, сымаджэу е дэпэкъуэгъу хуэныкъуэу пIэрэ жысIэри». Ар зыхэзыха бзаджащIэм жиIащ: «ЛаИиллахьэ Іиллэлахь Мухьэммэд расуллулахь» («Щыхьэт сытохьэ Алыхьым фIэкIа Тхьэ зэрыщымыIэм, Мухьэммэд Абы зэрилIыкIуэм»).

Мухьэммэд бегъымбарым жиIауэ хъэдисым къыщокIуэ: «ЦIыхухэм я зэран къекIинкIэ зыщщышынэ гъунэгъур зэи жэнэтым кIэнуукъым». НагъуэщIми ущрохьэлIэ: «Унагъуэм хьэнтхъупс щывгъавэкIэ, псыр нэхьыбэIуэу щIэфкIэ, фи гъунэгъу хуэныкъуэу къэфдпытэм и Іыхьэ хэкIыфын папщIэ». ЛIыкIуэм и псалъэу хьэдисым къыщокIуэ: «ЦIыхухэ мусЛ1ымэнхэ! Хабзэ дахэр зыхэвгъэлъ, зы гъунэгъум ипщэфIам щыщ адрей гъунэгъум хуэфхь!»

Гъунэгъу зэрымэжалIэр пщIэуэ уи ныбэ изу ушхэу угъуэлъыжьинкIэ хьэрэмщ. Абы теухуауэ хьэдисым щыдгурегъаIуэ: «ЛIыкIуэм жиIащ: «И гъунэгъум и ныбэр ныкъуэу зэрыгъуэлъыжым щыгъуазэу зи ныбэ изу шхэуэ гъуэлъыжхэр муслъымэным хибжэркъым».

Жэщи махуи нэмэз пщIыкIи, КъурIэн уеджакIи, ахэр къыпхэущхьэпэнчкъым уи адэ-анэм, Іыхьлым, гъунэгъум Іейуэ ухэущытмэ. Бегъымбарым жраIат: «Уа, ЛIыкIуэ лъапIэ, зы бзылъхугъэ гуэрым нэмэз куэдрэ ищIырт, сэдэкъэ итт, КъурIэн еджэрейт, ауэ гъунэгъу гугъу иригъэжьырт, ІейкIэ ятепсэлъыхьырт». ЛIыкIуэм жэуап къаритащ: «Тхьэ соIуэ ар жыхьэнмэ мафIэм зэрисынумкIэ». НэгъуэщI зы цIыхубзми и гугъу хуащIащ: «Сэдэкъэ итыркъым, нэмэзкIи ерыщкъым, КъурIэни еджэфыркъым, ауэ гъунэгъу хъэр къыхуэзарзэщIу, абыхэм псэ къабзэкIэ ябгъэдэтщ, я цIэ фIыкIэ къреIуэ». Бегъымбарым жиIащ: «ТхьэсоIуэ ар жэнэт Іыхьлы зэрыхъунумкIэ». НэгъуэщI хьэдисым итщ: «Алыхьымрэ Къемэт махуэмрэ зи фIэщ хъэр гъунэгъум фIыкIэ бгъэдэтыращ, Алыхьымрэ Къемэт махуэмрэ зи фIэщ хъум, и хьэщIэр ирегъэльапIэ, Алыхьымрэ Къемэт махуэмрэ зи фIэщ хъум, и жьэм фIы кIыжьэдрекI е зыри жремыIэхэ».

Ислъам диным къытхуитIуэм мардэхэм тету кIыбгъэздэсым и хьэкъыр бгъэзэщIапхъэщ. Гъунэгъур къыщолъэIыкIэ щIыхуэ етын, гузэвэгъуэ хэхуэмэ епIэщIэкIыу дэIэпыкъун, нэщхъеягъуэри гуфIэгъуэри дэIыгъын, ерыскъыкIэ хуэсакъын, абы сыт хуэдэ дин зэрихьэми сыт хуэдэ лъэпкъ къыхэкIами фIыкIэ бгъэдэтын хуейщ. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, гъунэгъухэм Іэмал имыIэу къахокI зэран хъу, хьэл мыхьумыщIэ зыхэлъ щэчыгъуеий гуэр. Апхуэдэкэри зэрытшэчыным, дахэкIэ даззрыбгъэдэтыным дихыщIэзэгъэкъу, дэ зыхэдгъэлъ шыIэныгъэм игъэхуIытэу абыхэм захъуэжьинкIэ хъунущ.

Абу Бакр ибн Амир ЛIыкIуэм елъэIуат ущие гуэр къритыну. БегъымбарымкIыжьыриIащ: «Уэ кIыпкIэльымыкIуэр умыбгынэ, уэ къозымытым ет (зыщIэгъакъуэ), зэран кIыпхуэхъуэхэм яхуэгъэгъу».

Абу Хьэнифэ, Тхьэр арэзы зыхуэхъуныр, Багдад къалэм щыщыпсэуам журт гъунэгъу иIэу щытащ. Журтым и псыунэр Абу Хьэнифэ и бжьхь дыдэм кIэрытт. Абы фIейуэ кIрихьар зы махуэ къэмынэу и пщIантIэм дэлъадэрт, ауэ журт-тым абы щIыгъуаззэткъым. Абу Хьэнифэ гъунэгъу имыгъэхьIытэн папщIэ зэи зыри жриIэртэкъым, езым игъэкъэбзэжырт. Апхуэдэу илъэс 40-кIэ фIейр Абу Хьэнифэ игъэкъэбзэжащ. Ар дунейм ехьжа нэужь, журтыр щыгъуазэ хъуащ Іуэхур зыIутам икIи щIэупщIащ: «Сыт апхуэдизкIэ ибэскIэ сыщIишэнар?» Абу жэуап ираташ: «ЛIыкIуэ лъапIэм и щапхъэм зэрикIуащ». Ар зи нэгу щIэкIа журтым ислъам диныр кIищтэри, дунейм ехыжьхукIэ муслъымэн щыпкъэу псэуащ.

Щ1ыпл1ымк1и Алий ипхъу Ленэ и вагъуэ нэхур

«И адэм хуэфэщэн пхъут» хужаIэ нобэ ди тхыгъэр зытедухуа бзылъхугъэр зыцIыхуу щытахэм. ЩоджэнцIыкIу Ленэ Алий и пхъэр цIыхухэм ягу къинэжащ гуапагъэр зэбэкI, цIыхугъэ зыхэлъа, щIэныгъэ куу зиIа цIыхубз гуащIафIэу. ГъащIэ кIыхь Тхьэм къыхуэпимыщами, къыхуиуха дэтхэнэ и зы махуэри Іуэхуфl кIэ гъэнщIауэ ирихьэкIащ.

● Фэеплъ

ЩОДЖЭНЦIЫКIУ Ленэ Алий и пхъур 1929 гъэм Бахъсэн районым хыхьэ Кушмэзыкъуей къуажэм къыщалъхуащ. Дохутыр Іэщlагъэрт къыхихари, Налшык дэт фельдшер-акушер еджапIэмрэ Осетие Ипхъэрэм и медицинэ институтымрэ къыиущ. 1954 гъэм лэжьэн щыщIидзащ республикэ сымаджэщым терапиемкIэ и къудамэм. ИужькIэ илъэс зэмылIэужьыгъуэхэм ар щытащ республикэ сымаджэщым и терапие къудамэм и унафэщIу, Узыншагъэмкlэ министерствэм и терапевт нэхъыщхьэу, КъБКъУ-м и медицинэ факультетым госпитальнэ терапиемкIэ и кафедрэм и асистенту, итIанэ доценту. Абы и Іэдакъэ къыщIэкIащ щIэныгъэ лэжьыгъэу 13.

ЩоджэнцIыкIур зи лэжьыгъэм гурэ псэкIэ Іэщlагъэт дохутырт, и Іэнатlэмкlэ ихь жэуапльныгъэр куууэ зыхиущIэу, сытым деж и къалэныр нэсу игъэзащIэу апхуэдэт. И щIэныгъэ лэжьыгъэхэм я гугъу тщIы, Ленэ нэхъыбэу зэлэжьар къурмакъэт, тхьэмбыл уз зиIэу псчэхэм, жьы кьыззпиубыдхэм я деж-кIэ хущхьэу нэхъыфIыр къэхутэныврщ. «Лечение бронхиальной астмы в условиях высокогорья» монографием абы къыщигъэлъэгъуат зи гугъу тщIы узыфэхэм уззэрыпэщIэтхыфыну Іэмалхэр. А лэжьыгъэр абы итэхэхьзырат СССР-м и АМН-м и член-корреспондент, Къыргызы медицинэ институтым терапиемкIэ и кафедрэм и унафэщI, медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор Миррахимов Мирсаид и унафэм щIэту. Ленэ куэдкIэ и фIыщIэщ Іуащхьэмахуэ лъапэ къурмакъэт, тхьэмбыл Іуэфэ зыпкърытхэм я сымаджэщ къыщызэрызэIуахэр. А зэманым абы СССР-м и щIыналъэ куэдым къикIыжу къакIуэрт загъэхъужыну. Къэралым и щIэныгъэлI цIэрыIуэхэр къыригъэблагъэуэ абы куэдрэ конференцэр зэхишэрт, студентхэм зыхуеджэр нэхъыфIу къагурыIуэн папщIэ, Іуащхьэмахуэ лъапэ щыIэ сымаджэщым ишэрти, Іэнатlэм и щхьэхуэм хигъэгъуазэрт. Езым и щIэныгъэм хигъэхъуэныкъмкIи Ленэ сыт хуэдэ Іэмалри къигъэсэбэпырт, медицинэ тхылъхэр и Іэпэгъут, Іэзэгъэм щыхагъахъуэ курсхэм щIэх-щIэхыурэ кIуэрт, конференцэм жьыджэру хэтт.

Медицинэ щIэныгъэхэм я кандидат ЩоджэнцIыкIу Ленэ зыдэлэжьахэми, иригъэджахэми, зэIэзахэми фIыуэ къалъагъурт, пщIэ къыхуащIырт. Абы и псэемблэж лэжьыгъэри гульытэнщэ хъуакъым. Апхуэдэу Ленэ къыхуагъэфащауэ щытащ Лэжьыгъэм и Бэракъ Плъыжь орденыр, илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылэжьам и медалыр, КъБАССР-м и Президиумым и ЩIыхь тхылъыр, «КъБАССР-м щIыхь зиIэ и дохутыр» цIэр, нэгъуэщI къэрал дамыгъэхэри. Ар щытащ КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату.

ЩIэныгъэм, лэжьыгъэм апхуэдэу етауэ щытами, унэгъащэ къалэнхэми фIыуэ пэлъэщырт. Ар зыцIыхуу щытахэм зэрыжаIэжьмкIэ, унагъуэр, быныр зыхуеят хуэгъэзэнымкIи ар щапхъэт. �щоджэнцIыкIур лэжьыгъэтIым пэрытащ: абы университетми щригъаджэрт, республикэм сымаджэщми щыIэрт. «Жэщмахуэ ямыIэу цIыхухэм зыкъыхуагъаззэрт, езыми дэтхэнэми хуэзэфIэкI хуищIэрт, - жеIэ Ленэ и щхьэгъуэгъу щыта ХьэкIуащэ Андрей. - Апхуэдэу жэщкIэрэ къуажэ пхыдзахэм щраджэ, Тырныауэ вертолеткIэ щрагъашэ къэхъуащ. Сымаджэм зэрыфэкIыр хуимыщIауэ абы псэхугъуэ иIэнутэкъым. «Дохутырыр сымаджэм зэ епсалъэрэ, абы нужькIэ и щытыкIэр нэхъыфI мыхъуамэ, а Іэщlагъэр абы щыуауэ къыхихауэ ираш», - жиIэрт Ленэ. Тэмэму зимыгъэпсэхуу, сымаджэми благъэ-Іыхьлыми я Іуэхур дигъэкIыну, дэтхэнэм и гукъуэгри псэкIэ зыхищIэу зэрыщытам абы и гъащIэр куэдкIэ Іэ кIыхь I ищIащ. Ихъурегъым зтеубгъауэ къкIуэкIащ, ауэ езыр зыщысхьажьхьам».

ЦIыху тельыджэт Ленэ. ГукIи псэкIи къыкIэрыщIэрт абы цIыхухэр. Ар зэIэзахэм ящыщ куэдыр ныбжьэгъу хъухъуаэу, унагъэжкIи зэкIэлъыкIуэу щытахэщ. ЩоджэнцIыкIум и цIыхугъэм, и Іэзагъэм щыхьэт техъуэ апхуэдэ зы щапхъэ мыбдеж и гугъу щысщIыну сыхуейт. Мэрзан жаIэри ЩхьэлыкIуэ щытпсэуу Іуэ зы адыгэ бзылъхугъэ еIэзат. Ленэ илъагъун папщIэ, ар мазэм зэ-тIэу абы я унагъуэм ихьэрт. «Ленэ зэрыслъагъуу си гукъыдэжьм хохъуэ, абы сепсэлъа иужь гупсэхугъуэ согъуэт, абы и псалъэ къудейри си деж кIэ хущхьэщ», - жиIэрт а бзылъхугъэм. ГъащIэгъэунэратэкъэ, хущхьэхуэ Ленэ хумытхамэ, зрихьэлIэнутэкъым, абы щыгъуэми, Мэрзан и къуэри и нысэри дохутыр Іэщlагъэм ирилажьэрт.

Ленэ и Іэщlагъэм хуиIэ щытыкIэр зылъэгъуа и бынхэри дохутыр хуащI. Пэжщ, ипхъу Мадинэ илъэс зыбжанэкIэ а Іэнатlэм пэрыта иужь, зэрыцIыкIурэ и псэр дэзыхьэха литературэм зритыжащ икIи филологие щIэныгъэхэм я доктор хъущ.

- Мамэ бзылъхугъэ нэсым и щапхъэу, егъэлеяуэ цIыху гуапэт, дэнэ щIыпIэ къыщыщIидзми, ихъуреягъым псэщIэ, къаруущIэ хилъхьэрт, абы и нурым цIыхухэр хуришалIэрт, сытым деж нэжэгужэт, нэфIэгуфIэт, зэрылъэлъу дихьэшхырт, - кьыддогушэ и анэм теухуа и гукъэкIыжхэмкIэ ХьэкIуащэ Мадинэ. Нэхъ хьэл Іейуэ абы хэлъауэ пхужьIэнур псынщIэу къызэрыгубжьырт, ауэ апхуэдэ дыдэуи зэуэ теужырт. Ар ЩоджэнцIыкIу хьэлт. НэгъуэщI лъэныкъуэкIэ укъыщелъмэ, апхуэдизу гуапагъэр зыхэлъыр икIи цIыху ткIийт, жиIар пхрызыгъэкIыпт. Сэ сытым деж згъэщIагъуэрт апхуэдэ хьэл зэпэщIэуэкэр зы цIыхум хэлъу къызэригъэщIар. Балигъ сыхъуа иужьщ къыщызгурыIуар а ткIийгъар абы хэмылъамэ, ар зи унафэщIу щыта гупшр и къалэнхэм тэмэму пэлъэщу хуэгъэлэжьынтэкъым. Си анэр зи ужь ихьа Іуэхур зэфIимыгъэкIауэ зэремытIысэхынур куэдым ящIэрт. Абы къыхэкIыу ди унэр зэи цIыхуншэ хъуртэкъым, телефоныр махуэ псом мыувыIэу къеуэрт. Сэ згъэщIагъуэрт мамэрэ папэрэ апхуэдизу цIыхугъэ зэраIэр. Пэж дыдэуи цIыхухэр къыщIыбгъэдыхьэ Іуэхур си анэм зхуэзфIыгъэкIырт. Сэ къыслухуэщIэжыркъым абы и щхьэр къезыхьэIа зыгуэр игъащIэхъуауэ.

«Уи анэм и пльэкIэ къудейм дигъэхьужащ», «къызэрыдэIусэу ди узыр тщхьэщихащ», «гуапэу къызэрытхущытым и сэбэп къыдэкIащ», «и псальэр хущхьэу тхуэхъуащ» жаIэу мамэ зэIэзахэм щыщ къудым къызжаIащ. Абы щыгъуэм ахэр псалъэ егъэлеяуэ кьыссцIыхьырт. Нэхъ иужькIэ сэ къызгурыIуащ абы къару нэрымылъагъу гуэр зэрыхэльар. КъащIэ иIэт мамэ. Абы щыхьэт техъуэ Іуэхугъуэхэри ди нэгу щIэкIащ. Унагъуэр зэрыщIыту «Эльбрус» зыгъэпсэхупIэм дыщыIэт. Зы пщэдджьыжь гуэрым мамэ папэ жреIэ: «Ди унэм псы къыщIэуауэ щIыхьхьэпIэу слъэгъуащ, икIащIыпIэкIэ умыкIуэжу хъунукъым». Си адэр абы жиIэр и фIэщ мыхъуу тхъэусыхамы, мамэ и нэгум зэрипльэу къищIащ зэрифIэщыр, икIи сэри гъусэ сищIри, унэм дыкъэкIуэжащ. Папэ къыхэщтыкIащ бжэ щIыхьэпIэм псы къыщIэжу щилъагъум. Бжэр Іутхмэ, фэтэрым зэрыщыту псы къыщIуат. НэгъуэщI зын... Жэщ ныкъуэм нэсауэ уэрамымкIэ Іэуэльауэ макъыщхуэ къыщыIуащ. Машинэр гъуэгум тежри, пкъом жьэхэуауэ арат. «Ар Мишэщ (и дэльхурат жыхуиIэр), зыгуэр къыщыщIащ», - жиIащ мамэ. Папэ абы жиIар и фIэщ мыхъущэу Іуэхур зэхигъэкIыну къыщIэкIащ - машинэм исар мамэ и дэльхурат. ГъэщIэгъуэнракъэ, а жэщым а макъым сэри сыкьитIэущащ, си гур зэщIэу здэжари си анэ дэльхум дежт... Абы и лъэныкъуэкIэ дызэрызэтехуар иджыблагъэщ сэ къыщысщIар, а хъыбарыр си адэм кьызжиIэжа иужь. Мамэ пщэфIапIэм къыщIэкIиикIырт, блынджабэм къыкIуэцIрыплъу адрей пэшым щысщIэр зэрильагъу щIыкIэр къызэгурымыIуэу: «Уи учебникым и щIагъым щIэлъ хуэдизкIэ зэрыгъэтехуа тхылъыр лъэныкъуэ егъэзыгI» - жиIэрт.

И бынхэм къытхуэнэхъуеиншэт мамэ. Адрейхэм дефIэкIыу, дынэхь зэчиифIэу и фIэщ зэрыхъум тIэкIуи гугъу дригъэхырт. Дэри, абы зэригугъам хуэдэу дыкъыхущIэкIын щхьэкIэ, тлъэкI къэдгъанэртэкъым. Мамэ кружокыу сыздимыгъакIуэр укIуэдыжт, зыри дымыщIэу дыщыщысу зэи къытхуиуиукъакъым. «Фи адэмрэ сэрэ университетым дыщолажьэ. А фэ фхуагъэуэ оценкэфIхэр дэ ди фIыгъэу жамыIэн щхьэкIэ, фи зэфIэкIыр нэрылъагъуэ, фызыхэтым сыткIи фефIэкIыу щытын хуейщ», - къыждиIэрт. Ещхьэнрэ фIыуэ сымылъагъуу щытамэ, мамэ къаIэн тщищIыр щыхьтехьэлъэну къыщIэкIынт. Абы щыгъуэм куэд къэсщIэну Іэмал сиззэриIар сэ гъащIэм икъукIэ къыщысщхьэпэжащ, абыкIи си анэм сыхуэзарэзыщ. Си Іуэху зыIутыр си анэм сыбгъэдэтIысхьэу жезмыIэми, си нэгум къызэрипльэу абы псори къищIэрт. Ари и щыхьэту къыщIэкIынщ зэанэзэпхъум дякум дэлъа зэпыщIэныгъэ куум.

Сэ гу лъыстауэ щытащ мам

● Щыхь

Зауэм хэтахэр ящыгъупщэркъым

Дыгъэгъазэм и 25-м, Афган зауэм щыщIидза махуэм, абы КъБР-м щыщу хэкIуэда зауэлIхэм я фэеплъым деж щыгъуэ пэкIу щыгъэхэтащ.

А ЗАУЭР зи нэгу щIэкIахэр, дин, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, властым я лЫкIуэхэр, школакIуэхэр хэтащ а пэкIум. Кьызэхуэсахэр дакъикъкIэ яхуэщыгъуащ зауэм хэкIуэдахэм.

Афган зауэм ди щIалэхэм щызэрахьа лЫгъэр щIэблэм ящIэн эярыуейм тепсэлъыхьащ Налшык къалэ округым и администрацэм и унафэщIым и чэнджэщэгъу **Бетрожь Сослъэнбэч**, Зауэм, лэжьыгъэм, Iэщэкlэ Iэщlэуэзда Къарухэм я ветеранхэм я зэгухьэныгъэу Налшык къалэ щыIэм и унафэщI **Абдуллаев Мустэфа**, Кавказ Ищхьэрэ университетым и ректор **Чочаев Шэрэфутдин** сымэ, нэгъуэщIхэри. IэкIум къришъэлIахэм дунейм ехыжахэм дыуэ хуащIа иужь, Афган зауэм хэкIуэдахэм я фэеплъым, иужькIэ ХьэтIохьущокъуэ жыг хадэм ит «Мыужьых мафIэм» удз гъэгъахэр тралъхьащ.

Фигу къэдгъэкIыжьинци, Афганистаным советыдзэр щыIэху ди республикэм щыщу щIыху 1860-рэ хэтащ, 54-м къагъэзэжакъым, 350-р зауэм хаха фэбжьым куэдрэ игъэпсэужакъым, щIыху 300-м нысъуэдыкъуагъ хахащ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Ткаченкэ Андрей и цIэр зезыхьэ Сурэтыщ1 гъуаздджэхэмкIэ музейм щагъэлъагъуэ ГъуаздджэхэмкIэ сабий школ №1-м и егъэджакIуэхэмрэ гъэсэнхэмрэ я лэжьыгъэхэр.

ВЫСТАВКЭР кьызэрагъэпэщащ Гъуаздджэхэмкlэ сабий школыр кьызэрызэIуахрэ илъэс 30 щрикъум ирихьэлIэу.

Музейм и пэшищым щагъэлъагъуэ декоративно-прикладной гъуаздж, живопись, графикэ лэжьыгъэхэр. Дэтхэнэ зы сурэтри дахагъэм и гъуджэщ, щхьэкIэплъыкIэщ, сабийхэм гъащIэр зэралъагъум хуэдэу. Нэхъыщхьэращи, мы лэжьыгъэхэм гупсысэ ящIэлъщ. Псом хуэмыдыдэу гъэщIэгъуэнщ гуапэхэр, абыхэм хуада щыгъын щIыкIуэхэр, бзылъхугъэхэм къагъэсэбэп дыщэидэ, хэдыкI щIа хьэпшыпхэр.

ГъуаздджэхэмкIэ сабий школ №1-м и гъэсэнхэр зэхьхьэм скрипкэ, гитарэ щеуащ, уэрэд щыжаIащ, кьрихьэлIахэм я гукъыдэжым хагъахъуэу. КъищынэмыщIауэ, школым и дизайнер ныбжьыщIэхэм я Iэдакъэ къыщIэкIа лэжьыгъэхэр щагъэлъэгъуащ.

КъБР-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI **Темыркъан Геннадий** жиIащ Гъуаздджэхэмкlэ сабий школ №1-м и егъэджакIуэхэр зэрызэчиифIэр, ныбжьыщIэхэм я лэжьыгъэхэм гупсысэ зэращIэлъыр, абыхэм зэрыгухэхъуэр, макъамэр, гъуаздджэр, сурэтхэр щызэхэухуэна гъэлъэгъуэныгъэм и гуапэу зэрыхэтыр.

Налшык къалэ администрацэм Щэнхабзэмкlэ и управленэм и унафэщI **Токъуий Мадинэ** музейм и унафэщI **Ащхъуэт Ритэ** фIыщIэ хуищIащ, ныбжьыщIэ зэчиифIэхэм я лэжьыгъэхэм гулъытэ зэрахуиIам папщIэ.

Гъэлъэгъуэныгъэм кьыщыпсэлъащ Къабэрдей-Балъкъэрым Бизнесымкlэ и институтым и ректор **Хъурей Феликс**, Налшык и Ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI **Абдуллаев Мустэфа**, нэгъуэщIхэри.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Гъуаздджэ

Дахагъэм щыхуагъасэ

● Хъуэхъу

Нартан къуажэм щыщ зэщхьэгъусэхэу Бахъуэхэ Русланрэ Сусаннэрэ я нысэ Ленэ дыгъэгъазэм и 27-р къыщалъхуа махуэщи, зыхьхьа лъэпкъым ар догъэлъапIэ

ПщIэ зыхуэтщI, Ленэ! Мы махуэхэм хъуэхъуу къыпхужаIэр кьыплъысыну ди гуапэщ. Уи гур зэIухауэ, уи псэр кьабзэу дунейм утетщи, нэхъри уефIэкIуэну, зыбуэящIыну дыпхуоупсэ. Уи гуфIэгъуэр багъуэу, махуэщIэ къэс уи щIэщыгъуэу, уи псэм Iэфыр щызэрэ уи дунейр дэщIэращIэу гъащIэ дахэ къэбгъэщIэну дынохъуэхъу. ЗэрыжаIэу, уи псы кьэжэгъуэщи, уи гурылъхэмрэ уи мурадхэмрэ зэтехуэу, унагъуэ насыпым и фIыпIэр зыхэпщIэ зэпыту, ущIэблэбэу лъэпкъым Тхъэм утхуигъэбагъуэ. Уи узыншагъэр быдэу, сыткIи узэпэщу, хабзэр уи гъуазэу, ущIэращIэ зэпытрэ гуфIэгъуэ хэмыкIыу мы гъащIэм Тхъэм удригъэкIуэкI.

Уи тхьэмадэ Руслан, уи гуапэ Сусаннэ, уи тыпхъу Диана, уи щхьэгъусэ Елдар.

● Гъуэгу къежьапIэ

Фым хуащий

Хьэсэней жылагъуэм и щIалэгъуалэм яIущIащ Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ министерствэм. ЩIалэгъуалэ Iуэхуэхэмкlэ институтым, Iэнатlэ куэду зэхэт щIалэгъуалэ центрым я лэжьакIуэхэр.

НЫБЖЬЫЩIЭХЭМ кьыхахыну Iэщlагъэмкlэ чэнджащ щхьэпэхэр ятыным хуэунэтIа зэIущIэм щытепсэлъыхьащ уи щхьэмрэ унагъуэмрэ бгъэпсэун папщIэ мы зэманым узрихьэлIэ гугъуехьэкмрэ абыхэм уаэзэрыпэщIэтыну Iэмалхэм, лэжьапIэншагъэм и кьежьапIэу щыт Iэхэугъуэхэм, щIэныгъэмрэ Iэщlагъэмрэ я зэхущытыкIэм. Псом хуэмыдэу щIалэгъуалэр куэдрэ щIэупщIащ еджапIэ нэхъыщхьэхэм уэ езым уи щIэныгъэкIэ ущIэтIысхьэныр пыщIа Iэхэу бгъэдыхьэкIэхэм.

Хьэсэнэйм и щIыпIэ администрацэм и унафэщI Азаматов Къайсын и псалъэмакъым кьыхихIэщащ иджырей щIэблэр гъащIэм хэзышэ мыпхуэдэ зэпсэльэныгъэхэр щIэх-щIэхыурэ егъэкIуэкIын зэрыхуеймрэ абы и мыхьэнэмрэ. «НыбжьыщIэхэм нобэ кьекIуэкI хабзэхэр егъэщIэнкIыр, гъуазэ тэмэм ятыныр псом ящхьэщ», - жиIащ абы.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Насыпыф Iэщ тхылъ еджэр

«Урысей зэкъуэт» политикэ партым республикэм щиIэ къудамэм щагъэлъэпIащ КъБР-м Тхылъ еджэныр фIыуэ зыльгъуэхэм я зэгухьэныгъэм хэтхэр.

КъБР-м Тхылъ еджэныр фIыуэ зыльгъуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Шинкарев Наталье Тхылъымкlэ урысейпсо, Тхылъыр фIыуэ зыльгъуэхэм я дунейпсо зэгухьэныгъэхэм кьабгъэдэкI щIыхь тхылъхэр зыхуагъэфащахэм яритыжащ. Къэбгъэльагъуэмэ, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и секретариатым и унафэщI Бекъул Аслъэнбэч хуагъэфещащ «Федоров Иван» медалыр. Апхуэдэу игъэлъэпIащ тхыдэдж, тхакIуэ Бейтыгъуэн Сэфарбий, «Республика - общее дело» зэгухьэныгъэм и унафэщI ХьэкIуащэ Хьэжмурат, «Солнышко» сабий журналым и редактор нэхъыщхьэ Накуэ Еленэ, «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ Къаныкъуэ Заринэ, КъБР-м Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетым и лэжьакIуэхэу Гыллыев Ахьмэт, Жанатаевэ Мадинэ, Романовская Аннэ, Щомахуэ Дарье, республикэм и библиотекэхэм я лэжьакIуэхэр, нэгъуэщIхэри. ЩIыхь тхылъхэр ятащ тхылъеджэхэр щэнхабзэ-узэщIныгъэ Iуэхуэхэм жыдэжру зэрыхэтым, Тхылъыр фIыуэ зыльгъуэхэм я дунейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэр кьызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 40 зэрырикъум папщIэ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

ЕгъэджакIуэу лэжьэнухэр

КъБКъУ-м и педагогикэ колледжым щекIуэкIащ «Сэ егъэджакIуэу сылэжьэнущ» фIэщыгъэм щIэт нэгуэныжь программэ.

КОЛЛЕДЖЫМ и къудамэхэм щеджэ студентхэр удихэхэу утыку итащ икIи лъэныкъуэ куэдкIэ ягъэлъэгъуащ егъэджакIуэ Iэщlагъэм, сценэм зыкъыщыбгъэлъэгъуэным, педагогикэ техникэм, зэпсэльэныгъэ къызэрыгуэкIхэм, физическэ щэнхабзэ дерсхэм хэлъ щэхуэмрэ Iэмалхэмрэ. Зи зэфIэкI зыгъэльэгъуэну утыку кьихьа студентхэр нэхъри зыгъэгушхэн псалъэ гуапэкIэ гуфIэгъуэ пшыхьыр кьыхэIуихащ педколледжым и унафэщI, Егъэджэныгъэмкlэ дунейпсо академием и академик Байчекуевэ Нинэ.

Зэпеуэхэр лъэныкъуэ куэду гуэшат: «Дэ дыартистщ», «Программэм и купщIэ», «Фэеплъ», «СызэхэщыкI», «Унэ лжьыбгъэ» псалъащхьэхэм щIэту. Гуп кьэс я кьалэным хъарзынэу пэлъэщащ, зэфIэкIыфIхэри ягъэлъэгъащ.

Гъэщlагъэуну ягъэват, кьалщтэмэ, комедие, трагедие, драмэ гъэпсыкIэхэр кIыIуэу кьызыхэщ сабий тарурыхъэр, «Теремок» трагикомедиер, нэгъуэщIхэри.

ЛЬОСТЭН Музэ.

«Къуажэ парк»

«Мэшыкъуэ-2014» фIэщыгъэм щIэту илъэс къэс ирагъэкIуэкI кавказпсо щIалэгъуалэ форумым бжьыпэр щызубыда проект нэхъыфIэр купщафIэу ягъэлажьэ.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ гулъытэ щхьэхуэ щызыгъуэта «Къуажэ парк» проектым ипкъ иткIэ, мы махуэхэм Анзорей къуажэм щэбэт щIыхьэху зыбжанэ щрагъэкIуэкIащ, щIыхуэм зыщагъэпсэну щIыпIэхэр гъэкъэбзэным, зэIуэпэщ щIыным теухауэ. Мэкъей Альбинэ зэхилъхьа мы проектым кьиIэжьа грантымкIэ тетIысхьэпIэхэр, кIэрыкубжьэрыхуэр зрадгъэхэр кьащIэхуащ. Мы Iуэхум жыджэру хэтащ кьуажэдэс щIалэгъуалэри нэхъыжьхэри.

Альбинэ и проектыр дызытехьэ 2015 гъэм и мэлыжьыхьым нэсыху игъэлажьэну и мурадщ. А пIалъэм нэсыху дыкъэзыухъуреихь дунейр хьумэным, щIалэгъуалэр Iуэху щхьэпэхэм дегъэхьэхыным, нэгъуэщхь программэхэр кьызэрэзэпэщыным хуэунэтIа Iуэхугъуэхэр ирагъэкIуэкIынущ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

● Япэ къэбакъуэ

Шэру Сультlан токIуэ

Спортымрэ физкультурэмрэ цIыхум и Iэпкъ-лъэпкъыр зыпсыхьщ, узыншагъэм и лъабжьащ. КъэкIуэнур зей щIэблэр абы дегъэхьэхыным, зэрыхъукIэ цIыху нэхъыбэ кьыхэщэным республикэм гулъытэ хэха щыхуащI. Къабэрдей-Балъкъэрым и щIыхьыр Олимп Джэгуэхэм щызыIэта спортсменхэр, ахэр я щапхъэу нобэ ди лъахэм и мызакъуэу, кьэралыр дуней псом щызыгъэIу, дызэрыгушхуэ спортсменхэр мащIэкъым.



КъБКъУ-м сабий зэчиифIэхэм я лицейм и еджакIуэ илъэс 15 зи ныбжь Шэру СультIан иджыблагъэ зэкIэлъхьэжьу екъуIэныгъэхэр щызыIэригъэхьащ спортыр лIэужьыгъуитIым: бэнэкIэ хуитымрэ альдж-урым бэнэкIэмрэ.

Шэру СультIан и гъэсэнщ бэнэкIэ хуитымкIэ 2012 гъэм Лондон щекIуэкIа Олимпиадэм жэз медаль кьыщызыхьа, дуней псом щэнейрэ и чемпион, Урысейм спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер Махуэ Билал и япэ тренеру щыта Ащнокъуэ Мухьэмэд. Спортсмен ныбжьыщIэм екъуIэныгъэхэр зыIэригъэхьэурэ и пэкIэ макIуэ. Новосибирск областым хьхьэ Бердск къалэм ныбжьыщIэхэм бэнэкIэ хуитымкIэ я урысейпсо зэхьэзэхуэм СультIан (кг 120-рэ) жэз медаль иджыблагъэ къыщихьащ. Ар КъБР-м, КИФЦI-м пашэныгъэр къыщыхьыныкIэ зэпеуэхэм мыхэ-мыгъэу щытекIуащ.

Ерыщу екъуIэныгъэхэм хуэпабгъэ пелуаным альдж-урым бэнэкIэмкIэ олимп чемпионхэу Къардэн Муратрэ Хъущт Аслъэнбэчрэ, альдж-урым бэнэкIэмкIэ школым и унафэщI Адыгэунэ Аскэр сымэ гу кьыльатэри, бэнэкIэ хуитымкIэ Урысейм и ныбжьыщIэ командэ кьыхэхэм хэт Шэрум классикэ бэнэкIэмэ зыщигъэльэгъуащ. Пекин щекIуэкIа Олимпиадэм щытекIуа Хъущт Аслъэнбэчэ «накат» Iэмалхэр кьэгъэсэбэпыным СультIан махуитIкIэ зэригъэхьэзыращ. Спортсменым ар щхьэпэ кьыхуэхъуащ. Волгоград областым и Волжск къалэм щызэхэта альдж-урым бэнэкIэмкIэ Урысейм пашэныгъэр кьыщыхьыныкIэ зэхьэзэхуэм Шэру СультIан дыщэ медаль щызыIэригъэхьащ. Ищхьэкlэ кьызэрыщыдгъэльэгъуащи, СультIан бэнэкIэ хуитым нэхъ тегъэщIами, альдж-урым бэнэкIэмкIэ федерацэм и унафэщIхэм я жэрдэмкIэ а зэпеуэм кIуэти, ахэр игъэщIэхъуакъым.

Пелуан ныбжьыщIэм и къуэш нэхъыжь Альберти спортым хуэхамэкъым. Армэн кьулыкъур щрихьэкIыу абы Iэпщэрыбанэ зауэмкIэ Урысей чемпионатым етIуанэ ювыпIэр къыщихьащ. Альберт КъБКъУ-м и юрист факультетыр къиухащ, иджыпсту Мэкъуу щопсэу, кьэралым и щыхьэрым и юрист Iэнатlэхэм языхъэш и унафэщIу. ЗэкъуэшитIым я шыпхъу гъэфIэн Альбинэ медицинэращ дэхьхьэхар. Ар Санкт-Петербург дэт Павловым и цIэр зезыхьэ университетым и етIуанэ курсым щоджэ.

Шэрухэ Альберт, СультIан, Альбинэ сымэ яIэщ зыдэпльеин, щапхъэ зытракхьи. Абыхэм я адэ Руслан щIэныгъэ нэхъыщхьэу щы иIэщ: ар юристщ, ухуакIуэщ, хьэрычэтыщIэщ. Я анэ ФатIимэ кадастр IэнатIэм и лэжьакIуэщ. Зэщхьэгъусэхэм я сабийхэр гъэсэным, фIым хуэущиным нэхъыбэу хэльхьэныгъэ зэригъэпэщу илъэс зыбжанэкIэ бюджет мылькушхуэ зэридыгъар, футболистхэр кьыхуагъэзт, кьыхуащэху щыкIэзурэ агентхэм (дэлэлхэм) ират хуэдэурэ».

Апхуэдизэ ахъшэ зэрызэхашхьыхьам и зэранкIэ премьер-лигэм щыджэгуа «Спартак-Налшыкыр» зэман кIэщым кьуриубдзу Урысей футболым щынэхъ лъахъшэ дыдэ етIуанэ дивизионым кьыщыхутащ. Абыи щIэр курыт зэфIэкIщ.

Урысей Футбол Лигэм Зэныкъуэкъыныгъэхэр зэхэгъэкIынымкIэ и палатэм иджыблагъэ Мзэкуу щригъэкIуэкIа зэIущIэми фIы лъэпкъ кьытхуихьакъым. Нэхъапэм ди командэм хэтаэу Засеев Аслъэн, Овсиенко Евгений, Аверьянов Алексей сымэ я лжьапIщIэр иджыри кьэс кьызэрырамытыжам кьыхэкIыу зэрытхьэусыхам папщIэ, а щIыхьэкIэ ятыжьхуIэ «Спартак-Налшыкым» щIэуэ зыри хагъахьэну хуимыту абы кьигъэуващ.

Зи гугъу тщIа футболистхэм кьищынэмыщIауэ, зи лэжьапIэ иджыри кьэс зрамытыжахэр ди командэм щымащIэкъым. Ахэри мыгувэу тхьэусыхэну кьыщIэкIынщ. Аращи, «Спартак-Налшыкыр» адэкIи урысейпсо зэхьэзэхуэм хэтын папщIэ лъэпощхьэпо зыбжанэ кьызэринэкIын хуей хьунущ.

Махуэкум и кьулыкъум трагъэкIащ «Спартак-Налшыкым» и генеральнэ директор Баев Владимир. Абы и пIэкIэ игъэуващ 80 гъэхэм ди командэм и гъащIэхьэтету щыта илъэс 49-рэ зи ныбжь Тэтэр Артур.

ХЬЭТАУ Ислъам.

● Футбол

«Спартак - Налшыкым» и гугъуехьэр

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гулым щекIуэкI зэхьэзэхуэм щыджэгу «Спартак-Налшыкым» и футболистхэмрэ тренерхэмрэ иджыпсту загъэпсэху. Арщхьэкlэ нэхъапэм зэтрихьа гугъехьэм ахэр нобэми егъэпIейтей.

КъБР-м и прокуратурэм пIащIэгъуэкIэ иджыблагъэ щрагъэкIуэкIа зэIущIэм щыхэплащ «Спартак-Налшык» профессионал футбол клубым и бюджетым сом мелуани 101-рэ зэрырадыгъуэIам.

Следствием кьызэрихьатамкIэ, щIэпхъэджащIэ гулым зэрыдыгъуэ Iэмалыр илъэс зыбжанэкIэ иубзыхуащ икIи кьигъэсэбэпащ. «Зи гугъу ящIыр «Спартак-Налшык» ОАО-м и правленэм и унафэщIу, футбол агенту, кассиру щытахэм клубым трагъэкIуэдэн папщIэ кьаутIыпща КъБР-м и бюджет ахъшэ куэд дыдэ, сом мелуани 101-рэ, хьилагъэкIэ зэрызыIэрагъэхьарщ, - итщ прокуратурэм и официальнэ сайтым. - Iуэхур щызэхагъэкIым кьахутащ клубым и унафэщIым зи пашэ щIэпхъаджащIэ гулым финанс Iэмал нэпцIэкр кьызэригъэпэщу илъэс зыбжанэкIэ бюджет мылькушхуэ зэридыгъар, футболистхэр кьыхуагъэзт, кьыхуащэху щыкIэзурэ агентхэм (дэлэлхэм) ират хуэдэурэ».

Апхуэдизэ ахъшэ зэрызэхашхьыхьам и зэранкIэ премьер-лигэм щыджэгуа «Спартак-Налшыкыр» зэман кIэщым кьуриубдзу Урысей футболым щынэхъ лъахъшэ дыдэ етIуанэ дивизионым кьыщыхутащ. Абыи щIэр курыт зэфIэкIщ.

Урысей Футбол Лигэм Зэныкъуэкъыныгъэхэр зэхэгъэкIынымкIэ и палатэм иджыблагъэ Мзэкуу щригъэкIуэкIа зэIущIэми фIы лъэпкъ кьытхуихьакъым. Нэхъапэм ди командэм хэтаэу Засеев Аслъэн, Овсиенко Евгений, Аверьянов Алексей сымэ я лжьапIщIэр иджыри кьэс кьызэрырамытыжам кьыхэкIыу зэрытхьэусыхам папщIэ, а щIыхьэкIэ ятыжьхуIэ «Спартак-Налшыкым» щIэуэ зыри хагъахьэну хуимыту абы кьигъэуващ.

Зи гугъу тщIа футболистхэм кьищынэмыщIауэ, зи лэжьапIэ иджыри кьэс зрамытыжахэр ди командэм щымащIэкъым. Ахэри мыгувэу тхьэусыхэну кьыщIэкIынщ. Аращи, «Спартак-Налшыкыр» адэкIи урысейпсо зэхьэзэхуэм хэтын папщIэ лъэпощхьэпо зыбжанэ кьызэринэкIын хуей хьунущ.

Махуэкум и кьулыкъум трагъэкIащ «Спартак-Налшыкым» и генеральнэ директор Баев Владимир. Абы и пIэкIэ игъэуващ 80 гъэхэм ди командэм и гъащIэхьэтету щыта илъэс 49-рэ зи ныбжь Тэтэр Артур.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Илъэсыщ1э махуэхэм фызыуэсакъыж

Илъэсыщ1э гуфIэгъуэ махуэхэр кьыщыблэгъа мы лъэхъэнэм сату Iуэхуща-пIэхэм екIуалIэ, транспорткIэ къэзыкIуэ цIыхухэр нэхъыбэ зэрыхъум кьыхэкIыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ Оперативнэ штабым ди щIыналъэм щыпсэуэр зыдэсакъыжыну кьыхуреджэ.

АБы И ЛЪЭНЫКЪУЭКIэ фигу ивгъэлъэ:

- къащыгъупща е ярIэкIуэда хуэдэу щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм щылъ хьэпшыпхэм е шэч гуэр уэзыгъэщI автомашинэхэм фарихьэлIамэ, абыхэм Iэмал зэриIэкIэ ягъэщIэ зыщIын хуейщ. Апхуэдэ щыпIэхэм деж телефонкIэ фыщыжьысалъэу, нэхъ жыжьэу фыкъыщыкIуэри, хабзэхъумэ органхэм икIэщIыпIэкIэ хъыбар евгъащIэ;

- псом хуэмыдэу защыдзеипхъэщ зи щытыкIэкIэ адрейхэм нэхъэщу кьыфащIыхьу цIыху щхьэхуэхэм е цIыху гупхэм. IэщlагъэлIхэм зэрыжаIэмкIэ, щIэпхъаджагъэ илъэныну зызыгъэхьэзыра террористкэ хуабжьу хэгупсысыхьауэ, и зекIуэкIэкIэ жьажьэу, кьызэщIэплъауэ е шынаэ щытынкIэ хъунущ. Апхуэдэ гупхэм хабзэхъумэ органхэм я лжьакIуэхэм гу лъевгъатэ;

- хабзэхъумэ Iэнатlэхэм апхуэдэу хъыбар евгъащIэ, щIыунэхэм, пкIэунэхэм, бэдзэгу яIыгъ фэтэрхэм егъэлэеяуэ цIыху куэд щызэхэзекIуэмэ.

Адэ-анэхэм я сабийхэм гурагъэIуапхъэщ уэрамым е унэ щIыхьэпIэхэм зыщIихьэлIэ дэтхэнэ хьэпшыпри кьащта зэрымыхъунур, ахэр зэрышынагъэр. КьызэрыгуэкI хъуржыныр е пхъуантэр террористкэм кьагъэсэбэп лагъым зэмылIэужьыгъуэхэр кьрахьэкIын папщIэ.

Терроризмэм пыща щIэпхъаджагъэхэр ялэжьыну зэрызагъэхьэзырым, цIыху щхьэхуэхэм лагъымхэр, Iэщlэ, апхуэдэу зэрахьэну хуит ямыщI нэгъуэщI Iэмэпсымэхэр зэрапэм фыщыгъуазэмэ, икIэщIыпIэкIэ фыпсалъи хабзэхъумэ органхэм хъыбар евгъащIэ.

Апхуэдэ хъыбар псори егугъуу зэхагъэкIынущ икIи гуэзвэгъуэхэр кьэмахьэн папщIэ зыхуей псори ялэжьынущ. Хъыбарыр кьызыбгъэдэкIахэр хэIущIыIу ящIынукъым.

ПащIэгъуэкIэ фыздэпсалъэ хъуну телефонэр:

КъБР-м щыIэ Оперативнэ штабым - 48-15-48;

Урысейм и ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыIэм - 48-15-81;

КъБР-м щыIэ МВД-м - 40-49-10, 49-50-62;

УФ-м Следствиемкlэ и комитетым Следствиемкlэ и управленэу КъБР-м щыIэм - 77-64-22;

УФ-м и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм - 39-99-99.

КъБР-м щыIэ Оперативнэ штаб.

Уэс Дадэр къыфпоплъэ!

2015 гъэм щIыпIыплъэм и 3, 4, 5, 6, 8, 9, 10-хэм сыхьэт 11-м щрикIэзауэ 13 пщIондэ сабийхэмрэ адэ-анэхэмрэ къыщыфпоплъэ Горький Максим и цIэр зезыхьэ Урыс драмтеатрым. Фэрпащ1э дгъэхьэзыращ театр теплъэгъуэхэр. Фигу кьыдогъэкIыж ар щылажьэр - Музыкэ театрым и унэ щIэращIэращ.

Уэс Дадэм саугъэтхэр итынущ!

Упщ1э зиIэхэр мы телефонхэмкIэ фыкъэпсалъэ: 8 962 649 84 59; 8 988 727 06 12

Гупышхуэу фыкъэкIуэну фыхуеймэ, ди гуапэщ - хъыбар кьызэрэгъащIэ куэдрэ.

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЩIЭ Мухьэмэд

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленниным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, егъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къ., Ленниным и уэрам, 33.

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитыныгъэр хьумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм №П-0065-м щIэту ятхащ.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531
Тираж 3.648
Заказ №2549